

PESISIR

Majalah Basa Cerbon Dermayu



9 772356 134005

Ana Literasi Esuk Ning Taman Cimanuk

**Drs. Sutejo (Kapala Balai Bahasa Jawa Barat)
Ningkataken Sikap Positif Masyarakat
Dumateng Basa Indonesia Lan Basa Daerah**



BALAI BAHASA JAWA BARAT

Volume 5, Nomor 1, Juni 2018

ISSN 2356-1343

PESISIR

Majalah Basa Cerbon Dermayu



Pemimpin Redaksi

Drs. Sutejo

Redaktur

R. Yulli Adam Panji Purnama, M.Sn.
Devyanti Asmalasari, S.S., M.Pd.

Desain Grafis

Harris Sukristian

Fotografer

Setiawan

Redaksi majalah *Pesisir* nampi tulisan liputan budaya, puisi, crita cindek, piwulang, panganan, guyonan, lan segala rupa tulisan seni budaya lan basa Cerbon-Dermayu. Tulisan diketik 1,5 spasi, maksimal 3 lembar A4, dilampiri identitas, poto diri, poto liputan, lan keterangane. Kirim liwat alamat redaksi utawa pos-el: majalahpesisir@yahoo.co.id

Alamat Redaksi

Balai Bahasa Jawa Barat

Jalan Sumbawa Nomor 11 Bandung

Telepon: (022) 4205468, Faksimile: (022) 4218743

Laman: www.balaibahasajabar.web.id, Pos-el: majalahpesisir@yahoo.co.id

Ater-Ater

Alhamdulillah, Majalah Pesisir saged medal malih kanggé Volume 6, Nomer 1, Juni 2019 puniki. Ngentosni majalah ingkang medalé saben enem sasih, pancén lami. Nanging kenyataan puniki ingkang nembé saged disukakaken Redaksi kanggé nyiaraken perkawis basa, sastra, lan kemasyarakatan teng wewengkon wilayah kabudayan Cerbon-Dermayu.

Tema kangge edisi Juni puniki yaiku *Tradisi Lisan*. Wonten dateng rubrik Nyawang, dipun angkat kegiatan dolanan tradisional ingkang dipun ajaraken teng sekolah kelayan judul “Dolanan Tradisional Diajaraken ning Sekolah” dening Sulasnurpeni (kaca 3-5). Dolanan jaman bengiyén seleresipun sae sanget kanggo nglatih fisik lan méntal lare. Kelayan cara boten langsung, kreativitas, ketangkasan, jiwa kepemimpinan, kecerdasan, lan jembar pangaweruh lare-lare dipun rangsang ngléwati dolanan tradisional. Masih kaitanipun sareng tradisi lisan, wonten rubrik Krusukan kelayan judul “Wonten Tembang Macapat teng Dinten Mimi Sejagat” (kaca 11-12). Uga ana profil filolog, seniman lukis kaca, sejarawan, dosen, lan pengawas Kemenag saking Cirebon dipun angkat wonten dateng rubrik Penggede kelayan judul “Dr. R. Achmad Opan Safari Hasyim, M.Hum.: Doktor Lukis Kaca” (kaca 8-10).

Teng wewengkon kabudayan Cerbon-Dermayu, nyatanipun wonten basa lan aksara ingkang unik. Sacara linguistik ngrupiaken basa Jawa dialék lokal (basa Jawa dialék Cerbon lan basa Jawa dialék Dermayu). Sacara sosial, masyarakat nggadahi pengakuan minangka basa ingkang mandiri, ingkang kasebat Basa Cerbon lan Basa Dermayu. Kekhasan basa Cerbon-Dermayu ugi wonten teng seratan Kawruh Basa, “Bau Sastra (Kamus) Minangka Ancer-Ancer Basa” dening Saptaguna (kaca 14) lan “Dialek Tegalgubug lan Susukan” dening Imam Emje (kaca 16).

Wonten dateng Majalah Pesisir edisi ingkang saniki kathah sanget kiriman artikel ingkang angrupakaken karya sastra, utamanipun crita cindek lan puisi. Wonten crita cindek M. Yusuf I.S., “Kalung kang Dadi Saksi” (kaca 17), crita cindek Sulasnurpeni, “Cinta Nemokaken Dalane” (kaca 20), lan crita cindek Kusyoto, “Bedug Keramat Jaka Bajul” (kaca 24). Uga wonten crita nyambung Muhammad Mukhtar Zaedin, “Pangeran Cakrabuwana Mungga Haji: Nukilan Saking Naskah Babad Cirebon” (kaca 27). Sanesipun cerkak lan cerbung, wonten puisi-puisi Nur Sa'adah (kaca 31) lan puisi-puisi Siti Eliza (kaca 32). Mboten ketinggalan seseratan khas Pesisir yaiku “Jondol” (kaca 40).

Sanés kirang pemaklum upami maksih wonten perkawis ingkang dérèng kaserat. Sumangga, teng wedalan selanjengé saged nambah rupi-rupi seratan ingkang wonten kaitan sareng basa, sastra, aksara, lan kabudayan Cerbon-Dermayu. Sumangga.

Bandung, Juni 2019
Redaksi

DAFTAR ISI

NYAWANG

Dolanan Tradisional Diajarakan
Ning Sekolah. **3**

NAPAK TILAS

Taman Banyu Gua Sunyaragi. **6**
Asal-Usulé Wit Nagasari. **8**

PENGGEDE

Dr. R. Achmad Opan Safari Hasyim,
M.Hum. **8**

KRUSUKAN

Wonten Tembang Macapat Teng
Dinten Mimi Sejagat. **11**
Upaya Nglindung Basa Lan Sastra
Daerah Kedah Sinergis. **13**

KAWRUH BASA

Bau Sastra (Kamus) Minangka
Ancer-Ancer Basa. **14**
Dialek Tegalgubug Lan
Susukan. **16**

PANGGUNG

Cerkak: Kalung Kang Dadi
Saksi. **17**

Cerkak: Cinta Nemokaken
Dalane. **20**

Cerkak: Bedug Keramat Jaka
Bajul. **24**

Crtita Nyambung: Pangeran
Cakrabuwana Mungga Haji
(Nukilan Saking Naskah Babad
Cirebon). **27**

Puisi. **31**

PIWULANG

Mitos Sasi Safar. **33**

Nelayan Ora Olih Mangan Iwak
Cucut. **35**

Tati-Titi Ngliwati Genah Singid. **37**

PANGANAN

Tahu Glepung Sambel Manis. **39**

JONDOL

Bersih Desa. **40**

DOLANAN TRADISIONAL DIAJARAKEN NING SEKOLAH

déning SULASNURPENI

Genau yaiku salah siji prosés kang kompléks kang dialami ning unggal wong urip. Prosés genau iku kedadyané lantaran anané hubungan antara menusa karo lingkungané. Dadiné genau bisa dianakaken kapan baé lan ning endi baé. Salah siji tanda yén wong iku wis genau yaiku anané lelaku kang robah ning unggal menusa lantaran perobahan ning pangawéruh, ketrampilan, lan lelaku. Lamun prosés genau dilakokaken karo cara formal ning sekolah-sekolah, hal iki kanggo ngarahaken perobahan ning unggal murid.

Berhasilé pembelajaran bli cuma ditentokaken ning duwuré pendidikan pendidik. Anané sarana lan prasarana pendidikan ngrupakaken salah siji faktor kang nunjang berhasilé pembelajaran. Masalah setitik sarana lan prasarana pembelajaran bisa ditutupi karo mupangataken kang ana ning sekubengé. Dolanan tradisional uga nduwéni poténsi gedhé kanggo dimupangataken ning pembelajaran. Pembelajaran ning sekolah diarepaken bli mung kang sipaté teoritik baé, tapi uga bisa ngenalaken média pembelajaran karo nggunaaken dolanan tradisional, lantaran dolanan tradisional nduwéni nilai-nilai pangawéruh kang kudu dilestariaken déning guru, sanajan ning nyatané dolanan tradisional setitik-setitik ditinggalaken, dolanan tradisional ngrupaaken ciri salah siji bangsa.

Bangsa endi kang bli bungah lan bangga ning budyané. Nggali, ngelestariaken, lan ngembangaken dolanan tradisional yaiku salah siji kang bli bisa diadohi. Séjéné wis dadi ciri salah siji bangsa, dolanan tradisional yaiku salah siji bagian paling gedhé yaiku kebudayaan. Dolanan jaman bengiyén sebeneré bagus pisan kanggo nglatih fisik lan méntal bocah. Karo cara bli langsung, bocah-bocah dirangsang kreatifitasé, ketangkasané, jiwa

kepemimpinané, kecerdasané, lan jembaré pangaweruhé léwat dolanan tradisional. Namung sayangé mlakué kemajuan jaman, dolanan kang duwé mupangat bagus kanggo bocah iki mulai ditinggalaken malah diklalénaken. Bocah-bocah wis kecanduan déning televisi lan vidéo game kang nyatané akéh ngupai dampak bli bagus kanggo bocah-bocah, ning segi keséhatan, psikologi, utawa muduné konséntrasi lan semangat genau. Majuné bidang téknologi ngupai hal kang gampang ning unggal wong kanggo ngelaksanakaken rutinitas. Namung ning séjéné, majuné téknologi uga duwé pengaruh kang blésak kanggo perkembangan bocah. Hal iki bli séjén lantaran wis diklalénaken nilai-nilai leluhur.

Contoh kang paling nyata yaiku dolanan tradisional kang wis ditinggalaken. Bli setitik generasi enom kang klalén ning dolanan tradisional, malah bli kenal pisan. Ngarepaken bocah-bocah enom gelem maning ngenal dolanan tradisional iku pancén angél, lantaran dolanan iku duwé kesan kuno. Namung sebeneré akéh nilai-nilai kang bisa dipelajari sing unggal dolanan tradisional iku. Kemampuan motorik, pengembangan otak kanan, uga ngembangaken kemampuan sosialisasi bocah, yaiku kanggo kerjasama utawa kanggo mecahaken masalah liwat dolanan tradisional, khususé ning kota-kota gedhé.

Ana pirang-pirang macem dolanan tradisional, diantaranya: bola békel, plincian, lompat tali, daku, égrang (jangkungan), gobak sodor, gatrik, éngklék, boy-boy, lan sanésé.

Akéh gunané dolanan kanggo prosés pembelajaran perlu anané pelestarian ning utuhé dolanan iku. Ngenal dolanan tradisional kayadéné daku, égrang, balap

karung, bola békel, lan séjéné ning masa enom, bisa nganteraken bocah-bocah kanggo dolanan kang duwé mupangat ning kegiatan genau kanggo ngolihaken préstasi ning masa kang arep teka. Lamun bli ngenal dolanan iku waktu masih enom, angel kanggo bocah-bocah kanggo nerima hal kang pada kang bengiyen pernah dolanan malah kang wis pernah didolananaken uga déning mama, mimi, bapa tuwa, lan mbok tuwané. Operasional pelaksanaan pembelajaran karo nggunaaken dolanan tradisional bisa dilakokaken karo mupangataken barang-barang kang ana ning sekubengé. Kanggo bocah, dolanan bisa didadiaken kegiatan kang sérius, tapi gawé seneng. Karo dolanan, pirang-pirang kerjaan bisa diwujudkan lan dolanan bisa uga dipilih déning bocah lantaran nyenengaken dudu kanggo ngoliahaken hadiah utawa pujian. Dolanan tradisional uga bisa mbantu fisik bisa lewih sehat lantaran ning kana bisa nglakokaken aktifitas (ngetokaken kringet) karo cara mengkénén bisa ditarik kesimpulan, média yaiku bagian kang dipisahaaken déning prosés belajar mengajar kanggo ngwujudkan média pendidikan ning umum lan tujuan pembelajaran ning khususé.

Miturut Kurniawati (2010), dolanan tradisional ngrupakaken salah siji unsur kebudayaan bangsa kang akéh kesebar ning pirang-pirang pojok nusantara. Namung sekien, keanaané wis setitik-setitik ngalami kepunahan, utamané kanggo kang urip ning wilayah kota, malah ning pirang-pirang dantarané wis bli bisa dikenali maning déning masyarakat. Sebeneré ana pirang-pirang macem dolanan tradisional kang masih ana, iku uga disebabkan lantaran para pelaku dolanan tradisional iku adoh lan bli kejangkau, dolanan tradisional kang akéh nggunakaken alat-alat canggih. Dolanan tradisional minangka salah siji wujud sing kegiatan dolanan dipercaya bisa ngupai mupangat kanggo perkembangan fisik lan méntal bocah.

Miturut Fajarwati (2008), dolanan tradisional ngrupakaken warisan antar generasi kang nduweni arti simbolis ning buri gerakan, omongan, utawa alat-alat kang digunakaken. Pesen-pesen iku duwé mupangat kanggo perkembangan kognitif, émosi, lan sosial bocah kanggo persiapan utawa sarana genau kanggo keuripan ning masa déwasa. Pesaté perkembangan éléktronika gawé posisi dolanan tradisional kang tambah ilang lan tambah bli dikenal. Merhatiaken masalah iku, perlu usaha-usaha sing pirang-pirang pihak kanggo ngelestariaken keanaané liwat pembelajaran ulang kanggo generasi sekinyen liwat proses modifikasi kang dipasaken karo keanaan sekinyen.

Miturut Sukirman (2008), dolanan tradisional yaiku dolanan bocah-bocah sing bahan sederhana kang pas karo aspék budaya ning keuripan masyarakat.

Dolanan tradisional kang tambah dina tambah ilang ning majuné jaman, sebeneré nyimpen salah siji keunikan, kesenian lan mupangat kang lewih gedhé kayadéné kerja bareng tim, olahraga, kadang uga

ngréwangi ningkataken daya otak. Béda karo dolanan bocah jaman sekinyen kang cuma jagong meneng dolanan layar monitor lan séjéné.

Kuaté arus globalisasi ning Indonésia kang nggawea pola keuripan lan hiburan anyar, gelem bli gelem ngupai dampak déwék kanggo keuripan sosial budaya masyarakat. Kepanjing ning jeroné pirang-pirang macem dolanan tradisional bocah. Sementara iku, nyatané ning lapangan akhir-akhir iki ndelengaken anané tanda-tanda kang kurang nyenengaken, yaiku kurangé dolanan tradisional bocah kang ditampilaken, dadiné bisa duwé akibat kanggo kepunahan.

Bisa disimpulaken, dolanan ngrupakaken alat kanggo bocah kanggo njelajahi duniané, sing awit kang bli dipiweruhi déwéké sampé kang deweke piweruhi, sing awit kang bli bisa dilakokaken sampe kang bisa nglakokaken. Dadi, dolanan iku salah siji kang dibutuhaken kanggo bocah, karo ngrancang pelajaran tertentu kanggo dilakokaken karo dolanan kang pas karo kemampuané. Jadi, dolanan iku kanggo bocah nduwéni nilai lan ciri kang penting ning majuné perkembangan keuripan sedina-dina salah sijiné yaiku dolanan tradisional.

Dolanan tradisional kang dimaksud lan diuraikaken ning duwur iku, diajaraken uga ning pelajaran Basa Cerbon kanggo bocah kelas IX (sanga) ning SMP Negeri 5 Kota Cirebon. Dolanan tradisional iku didadekaken téma matéri pelajaran karangan déskripsi. Bocah-bocah dibagi dadi pirang-pirang kelompok. Unggal kelompok ana 4 bocah lan milih déwék dolanan tradisional apa kang arep dipilih kanggo dimaénaken karo kelompoké déwék-déwék. Démonstrasi dolanan tradisional iku, dilakokaken ning lapangan. Kelas kang kebagian pelajaran iku, digiring metu kelas. Lantaran lamun dilakokaken ning jero kelas, kelasé sesek lan bli kamot. Dadi bocah bli bébas lan bli leluasa kanggo dolanané. Pembelajaran ning jaba kelas uga bisa gawé bocah lewih interaktif, lewih semangat, lan lewih kreatif tinimbang pembelajaran ning jero kelas. Bocah-bocah utawa murid-murid seneng pisan genau utawa nglakokaken pembelajaran ning jaba kelas. Kabahané bli ngerasa bosan, malah bocah-bocah ngerasa bebas nglakokaken pembelajaran ning jaba kelas. Ning sor iki gambar bocah-bocah utawa murid-murid lagi pembelajaran dolanan tradisional :

1. Dolanan Lompat Tali





2. Dolanan Gobak Sodor

3. Dolanan Bola Bekel



4. Dolanan Daku



5. Dolanan Engklek



Bocah-bocah utawa murid-murid akeh kang bli ngenal dolanan tradisional kang didémonstrasiaken.

Sedurung démonstrasi, bocah-bocah utawa murid-murid ning kelompoké rundingan dikit soal dolanan kang arep ditampilaken. Sewisé rundingan karo kelompoké, murid-murid latihan dikit cara mainaken dolanan tradisional kang dipilih. Lamun sendané dolanan tradisional kang dipilih iku merlokaken alat kanggo dolanané, kelompok iku ngebagi tugas sapa kang arep nggawa alat kang dimaksud. Dolanan tradisional kang dipilih bocah-bocah utawa murid-murid kanggo démonstrasi iku diantarané: ana kang milih bola békel, gobak sodor, daku, éngkleék, boy-boyan, lan lompat tali. Dolanan kang dipilih kang kira-kira gampang kanggo bocah dolanan lan ngingeté.

Ning pembelajaran dolanan tradisional iku, guru tugasé mandu lan ngupai arahan kanggo bocah-bocah utawa murid-murid. Guru ngedata kelompok lan dolanan kang dipilih. Kelompok kang maju diawiti sing kelompok siji lan diterusaken kelompok séjéné. Wayahé kelompok kang kebagian démonstrasi utawa maénaken dolanan tradisional maju, kelompok séjéné ndelengaken utawa nyimak kelompok kang lagi dolanan. Sewisé kabéh kelompok démonstrasi utawa nampilaken dolanan kang dipilih, unggal bocah utawa murid gawé karangan déskripsi, dipasaken karo dolanan tradisional kang wis dideleng utawa disimak. Bocah-bocah utawa murid-murid dipai téma matéri dolanan tradisional, kedeleng seneng lan semangat pisan. Pancén bener, yén dolanan iku lamun diselipaken ning pembelajaran, bisa gawé bocah utawa murid semangat lan seneng. Bocah utawa murid rainé bli kedeleng ruwet lan mumet pas lagi belajar materi iku. Malahan gawé bocah semangat lan seneng, karo ning pembelajaran kien bisa ndadiaken bocah weruh lan ngerti macemé dolanan tradisional. Dudu mung ngerti utawa weruh baé ning macemé dolanan tradisional, tapi bocah-bocah utawa murid uga bisa dolanané.

Dolanan tradisional kang diajaraken ning sekolah lan didadiaken téma pelajaran karangan déskripsi salah siji tujuané yaiku supaya bocah-bocah utawa murid-murid weruh, ngerti, lan bisa maénaken dolanan tradisional. Séjéné supaya murid ngerti, kien uga ngrupaaken salah siji upaya kanggo ngelestariaken budaya daérah Cerbon, salah sijiné yaiku ngelestariaken dolanan tradisional.***

TAMAN BANYU GUA SUNYARAGI

Taman Banyu Gua Sunyaragi ngrupaaken Taman Sari Keraton Kasepuhan sing ana ning Dalan By Pass Brigjen Dharsono, Cirebon. Taman iki dibangun ning telu tahap, kesiji taun 1529, kepindo taun 1703, lan ketelu taun 1776. Awale Taman Sari Keraton Kasepuhan ana ning daerah Gunung Jati lan duwe aran “Nur Giri Saptarengga”. Sebab daerah iku dikebeki karo kuburan keluarga dadine nggoleti panggenti taman sari keraton. Panggenti taman sari keraton ditetapaken ning daerah tlaga Sigaran jati. Ning tempat iki dibangun taman sari kang ana guae, banyu sing tlaga Sigaran Jati dialiraken menjero gua. Dadi, tempat iki dipai aran Taman Banyu Gua Sunyaragi.

Sunyaragi asale sing tembung sunya kang duwe arti sunyi, lan ragi sing duwe arti raga. Kajaba dadi panggon rekreasi lan panggon leren, Taman Banyu Gua Sunyaragi uga duwe guna dadi panggon kanggo tapa, kaya Gua Langse, Gua Peteng, Gua Padang Ati, lan Gua Kelanggengan. Papat gua iki ngrupaaken panggon tapa. Gua Kelanggengan khusus kanggo Sultan. Gua Padang Ati lan Gua Langse khusus kanggo keluarga keraton, Gua Peteng kanggo prajurit keraton sing arep ningkataken elmu kanuragan.

Taman Banyu Gua Sunyaragi bengien manjinge

sing lawang wetan. Karna pemugaran taun 1977 lawang manjing taman iki dialihaken ning kidul. Gara-garae lawang kang ning wetan ora due tempat kanggo parkir lan tempat kanggo nyimpen benda-benda sing dipugar taun 1977.

Taman Banyu Gua Sunyaragi ana rolas bangunan sing duwe guna lan arti masing-masing, kaya Gua Pengawal sing duwe guna dadi tempat ngumpul para prajurit keraton pas ana kegiatan ning Taman Banyu Gua Sunyaragi. Prajurit keraton arep dikumpulaken ning Gua Pengawal. Seuwise ngumpul para prajurit iki arep dipai tugas sing pimpinan kanggo ditempataken. Sing kapindo Gua Bangsal Jinem. Gua Bangsal Jinem iki ngrupaaken tempat para pejabat keraton pas arep nyaksiaken dalane acara ning alun-alun, kaya panglatian prajurit, kesenian, utawa kunjungan-kunjungan sing kesultanan liyane. Para pejabat keraton kuwi arep linggih ning Bangsal Jinem karo ngedoaken prajurit sing lagi berlatih utawa tamu sing teka. Ketelu Gua Mande Beling. Mande iku tempat, beling iku kaca. Gua Mande Beling iki duwe guna dadi tempat liren keluarga keraton pas dekne kabeh niliki ning Taman banyu Gua Sunyaragi. Dadi, sedurung manjing ning gua, dekne kabeh ngaso dikit ning tempat iki.

Gua Pawon sing duwe arti dapur. Dapur ning kene



dudu ngrupaaken tempat kanggo masak, tapi tempat nyimpen panganan sing wis digawe sing keraton. Panganan-panganan sing wis siap iki arep digawa ning gua kanggo disimpen ning Gua Pawon. Dadi, Gua Pawon dudu tempat kanggo masak sebab area Taman Banyu Gua Sunyaragi dudu tempat tinggal. Terus ana Gua Lawa sing ngrupaaken tempat sarange lawa. Bengien Gua Lawa iki ngrupaaken Gua Pawon, mung ning sisih gua iki bengiene ana wiwitan gambir sing gede pisan lan rindang dadine akeh dihinggapi lawa. Akar wiwitan gambir iki ngrusak bangunan gua, terus wiwitan gambir iki ditebang. Gara-gara wiwitan gambir iki ditebang lawa-lawu iku mabur ning lorong-lorong gua, sampe mlebu ning Gua Pawon. Lawa sing mlebu ning Gua Pawon iki akeh sing meneng ning jero sebab gua iki arang diliwati pengunjung. Sebab iku, saiki dipai ngaran Gua Lawa.

Gua Langse sing duwe arti gordeng. Gua iki ngrupaaken tempat tapa para keluarga keraton. Terus ana Gua Peteng sing duwe telu kanggonan, yaiku kanggonan duwur sing ngrupaaken menara pengawas tempat nyimpen patung putri Cina. Tapi patung iku sementara disimpen ning keraton sebab Taman Banyu Gua Sunyaragi dudu ngrupaaken tempat tinggal dadine watir patung iku ilang. Ning esor gua iki ana telu lorong mati. Gua Peteng dadi tempat tapa para prajurit keraton kanggo ningkataken ilmu kanuragan. Nyeberang ning sebelah kulon ana loro ruangan, yaiku Kaputran lan Kaputren. Dadi, ruangan Kaputran iki khusus kanggo lanang lan Kaputren kanggo wadon. Ruangan Kaputran lan Kaputren iki dadi tempat penggemblengan pendidikan agama sebab Sunan Gunung Jati iki yaiku panutan keluarga, panutan masyarakat Cirebon, panutan kabeh masarakat kang beragama Islam, dadi para putra lan putri keraton iki arep digembleng, diwulang kang baik lan bener sacara agama. Kaputran lan Kaputren iki bengien ana atape, tapi pas dipugar taun 1977—1982 durung ditemokaken bentuk asline kaya-apa. Sauwise pragat dipugar taun 1982, dalan telung taun nembe kawruhan menawa ning Kaputran lan Kaputren iki ana atape. Informasi iki dipai kiriman foto-foto sing negeri Walanda.

Bale Kambang ngrupaaken bale sing seolah-olah ngambang kang gunane dadi piranti ngehubungni loro bagian ning arep lan loro bagian ning buri. Kajaba dadi



piranti pahubung, Bale Kambang uga duwe guna dadi tempat main gamelan kanggo nyambut tamu-tamu, sing keraton utawa sing pamerentahan.

Gua Arga Jumut, Gua Arga Jumut iki ana siji lantai, siji lantai iki tempat pertemuan para pejabat keraton kang sifate rahasia. Bengien gua iki dianggep dadi tempat persembunyian tentara-tentara pejuang bangsa. Dadi Taman Banyu Gua Sunyaragi iki diancuraken bari penjajah Walanda. Ning ngisor siji lantai sing rusak iki konon ana loro lorong sing bisa nembus ning Mekah lan China.

Terus Gua Padang Ati, padang duwe arti padang lan ati duwe arti ati. dadi, padang ati iku tempat tapa keluarga keraton kanggo sing lagi due kesulitan mikir kang baik lan bener. Ning kono keluarga keraton tapa karna tempat iku kecipta kahanan karo

kekhusuan lan ketenangan sampe arep oli petunjuk lang luwih cepet.

Ning tempat iki ana monumen China iki terkait karo Putri Ong Tin. Sanajan Putri Ong Tin wis manjing agama Islam, deweke masih peduli karo keluargae kang agama Kong Hu Cu. Dadi, deweke njaluk kanggo digaweaken monumen sing tujuane kanggo eling arwah keluarga. Ning tempat iku uga ana wiwitan lengkung sing duwe umur telu abad. Nek dikaitaken karo taun 1703 lan 1509, wiwitan iku umure 485 taun lan durung pernah berbuah sing awit ditaman sampe sekien.

Terus ana patung garuda sing lagi digelibet ula. Filosofi keraton yen garuda nggambaraken kuripan ning duwur sing duwe arti keluarga keraton, ula nggambaraken kuripan neng ngisor sing duwe arti masarakate. Gambaran ula sing ngegelibet garuda iku dudu kanggo mateni, tapi ngelindungi sultan. Sing paling akhir Gua Langgeng, langgeng iku awet, kekal, lestari. Bengien sultan tapa ning kono njaluk ning Gusti Allah ben awet kekal lan lestari dadi sultan lan ora ana alangan, alangan sing jero utawa sing njaba. Alangan sing jero iki biyasane sing keluarga dhewek lan kang sing njaba iku tentara penjajah. Dadi, sultan nglakoni tapa ning jero gua, njaling ning Gusti Allah ben awet, langgeng, kekal, lestari lan ora ana alangan sing jero utawa sing njaba.

Ning awale Taman Banyu Gua Sunyaragi iki digunaaken kanggo taman sari sisan kanggo tapa, tapi wektu iki wis ora digunaaken sebab wis rame karo pengunjung. Dadi, kanggo saiki Taman Banyu Gua Sunyaragi luwih kanggo tempat rekreasi wae. **(Tim Pesisir)**

Dr. R. Achmad Opan Safari Hasyim, M.Hum.

DOKTOR LUKIS KACA

dénng DEVYANTI ASMALASARI

Sinten ingkang mboten kenal sareng Dr. R. Achmad Opan Safari Hasyim, M.Hum., salah satunggaling filolog, seniman lukis kaca, sejarawan, dosen, lan pengawas Kemenag saking Cirebon?

Teng jagat kesenian lukis kaca, piyambeke langkung kawentar kelayan sebatan Rafan S. Hasyim. Piyambeke bengien misahaken antawis profesi nglukis lan akademik. Kangge profesi nglukis kaca piyambeke ngangge wasta Rafan S. Hasyim ingkang ngrupiaken singkatan wastanipun. Kangge jagat akademik, piyambeke ngangge wasta lengkep R. Achmad Opan Safari Hasyim. Nanging, saniki sampun katah ingkang kenal kalih-kalihipun.

Awit dipun juluki “Doktor Lukis Kaca” keranten sedaya biaya kangge ngrampungaken studi S-3 piyambeke saking nglukis kaca. Upami mboten wonten pesenan lukisan kaca saking Bupati Purwakarta, Dedi Mulyadi, kuliah Opan mboten rampung keranten nunggak nganti tigang semester. Yatra lukisan kaca saking Dedi Mulyadi akhiripun saged ngebayar tunggakan SPP kinten-kinten Rp. 60 juta. Mila mekaten, Opan dipun juluki “Doktor Lukis Kaca”.

Awit alit, Opan seneng sanget ningali pagelaran wayang kulit, paling utami menawi teng dusunipun dipun wontenaken acara tradisi kadosdene sedekah bumi, mapag sri, barikan, uga tradisi liyanipun ingkang anyertaken pagelaran kesenian wayang kulit. Mila mekaten, kesempatan punika mboten dipun sia-siakaken.

Tema wayang dados salah satunggaling tema lukisan ingkang paling katah dipun damel Opan. Sanese niku, wonten uga lukisan kaligrafi lan batik. Opan spesialisasi damel lukisan ingkang ageng. Upami kaligrafi, Opan katah medamel model-model geografik ingkang sesah, kadosdene garis lempeng lan lingkaran ingkang sering dipun hindari kekata-hahen pelukis kaca sanese.

Lukisan kaca keremenan Opan wujudipun wayang



kelayan pertunjukan perang, nanging mboten dipun tampilaken sacara vulgar. Artosipun mboten wonten gambaran gulu ingkang kepenggal utawi dada ingkang ketujleb. Dados, lukisan Opan nonjolaken unsur artistik kelayan susunan ingkang padet lan ketinggal rame, nanging mboten vulgar keranten khawatir menawi teng pameran wonten lare alit ingkang nonton.

Awit Nglukis

Hobi nglukis sampun dipun jalani Opan awit saking SMA. Nalika punika, Opan seneng nglukis pasuryane tiyang, wayang, uga pernah nglukis guru ingkang ayu nganti dipun dukani lan dipun medalaken saking kelas. Sesampune SMA, Opan anggadahi karepan kangge mlebet ITB, mung dipun tolak saking miminipun. Miminipun anggadahi karepan supados Opan mlebet IAIN supados

saged khotbah, ngimami solat, tahlil kaya abah bengien teng masjid, sarta dados ketua DKM. Cape Mimi, “Lamun mlebet ITB, mekoten kawin teras kaya paman sampeyan” (paman Opan punika tukang kawin, istrinipun nganti 9).

Nalika patah manah keranten mboten kening mlebet Jurusan Seni Rupa ITB, Opan kepanggih sareng salah setunggal bandar judi togel ingkang kaleresan siweg mbakta lukisan kaca. Takon Opan, “Puniki Sampeyan ingkang damel lukisan?”, cape piyambeke mboten. Opan teras nyuwun dipun tunjukaken tiyang ingkang medamel lukisan kaca punika. Akhiripun Opan dipun jajak teng daerah Cideng. Pelukis kaca punika wastanipun Mang Sukana, tukang sawung. Nglukis kaca kangge Mang Sukana mung damelan sambilan. Opan selajenge blajar dumateng Mang Sukana nganti saged.

Sesampunipun blajar teng Mang Sukana, Opan blajar nglukis dumateng mama Sugro. Mama Sugro ngrupiaken pelukis ingkang ngetop teng waktos *booming* lukisan kaca antawis taun 1986–1988. Mama Sugro optimis sanget lan tiyang ingkang pas teng salebetipun

ngupaih sumanget. Sanese niku, wonten uga Mas Andi lan Mas Nono ingkang ngrupiaken tiyang ingkang optimis sanget lan kawitan ngebanu. Mas Andi ngrupiaken tiyang ingkang ngupaih alat-alat kangge nglukis kaca. Saking sedanten guru Opan, mboten wonten setunggalingpun ingkang mendhet biaya. Mila mekaten, upami saniki wonten generasi anyar ingkang pengen blajar nglukis kaca, Opan mboten bade dipun sesahaken lan mboten mendhet biaya.

Lukisan Opan ingkang kawitan pajeng reginipun Rp15.000,00, regi lukisanipun nembe mundak nalika pameran teng TMII. Awitipun Opan mileten pameran teng Cirebon, nanging gambaripun dipun tolak panitia pameran keranten lukisanipun miturut panitia mboten leres lan mboten pas. Sanadyan, panitia wau sanes tiyang ingkang ahli wayang (gambaripun yaniku perwayangan). Nalika punika uga wonten Direktur Seni Budaya lan Pariwisata saking TMII ngilari pelukis kaca, selajenge Opan nyukani lukisan ingkang judulipun "Pandawa Lima". Pranyata piyambeke ngenilai lukisan Opan sae sanget. Akhiripun Opan dipun ajak pameran nasional teng TMII. Teng pameran wau wonten Basuki Abdullah, Afandi, Trubus, lan pelukis sanesipun. Sejeb waktos punika Opan sering mileten pameran nasional teng Ancol.

Nalika punika, lukisan Opan katah ingkang aningali keranten teng waktos punika lukisan kaca maksih asing. Akhiripun lukisan Opan kejual kelayan regi Rp2.500.000,00. Teng waktos punika setara kelayan regi setunggal motor. Nanging, nganti waktos seniki Opan mboten seneng numpak motor.

Ngenal Filologi

Awitipun Opan ngenal filologi yaniku saking Mama Herman (Sultan Kaprabonan). Waktos puniku Opan rencangan kelayan Pangeran Haerudin, putranipun Mama Herman. Setunggaling waktos, Mama Herman ngajak Opan dahar siyang teng griyanipun selajenge piyambeke nunjukaken naskah-naskah kuno awit saking tulisan Arab, Arab gundul, lan Pegon. Opan nyoba maos naskahipun lan piyambeke seneng. Akhiripun piyambeke wiraos, "Menawi dugi teng mriki, mboten mung teng Pangeran Haerudin, nanging teng kula mawon". Dados, Opan uga rencangan kelayan Mamae Pangeran Haerudin kaliyen blajar maos naskah. Ingkang klebet nalika Mama kesah teng murid-muridipun, Opan sering ngrencangi.

Mboten mung blajar saking Mama Herman, Opan uga blajar maos naskah dumateng Kyai Irsyad Al Amin - ingkang maksih sedulur saking miminipun- kangge blajar aksara pegon. Sanese niku, Opan uga blajar teng Pesantren Jagasatru, blajar tafsir *Jalalen, Isadul Ibad* dumateng Ayip Muh lan Ayip Toha. Opan seneng sanget blajar teng pesantren, kadosdene lare TK ingkang dolanan kaliyen blajar.

Teng taun 2007, Opan ketemu sareng Mimi Titin Nurhayati, Ketua Jurusan Filologi Unpad. Waktos punika Opan siweg mertamu teng Unpad lan nawaraken naskah



punapa ingkang dipun pengeni. Opan dipun kengken maos naskah lan lancar. Selajenge Mimi Titin nyumangeti Opan kangge nerusaken kuliah S-2. Sanese niku, tiap-tiap wonten pedamelan nerjemahaken naskah teng Museum Sribaduga, Opan uga sering dipun miletaken. Nalika punika, wonten naskah Wangsakerta ingkang basanipun Cirebon lan Opan dipun kengken kangge maos naskah-naskah wau. Keranten sering maos tulisan Pak Atja lan biasa kelayan basanipun, Opan lancar maos naskah Wangsakerta wau. Saking pedamelan wau, Opan dipun sukani kangge ongkos. Nalika dipun ningal isi amplopipun saged kangge mbayar kuliah. Kadhang kala menawi mboten gadhah yatra, Opan nekad minggah bus, nanging sering mboten dipun tagih. Satunggaling waktos Opan penasaran lan ngilari kondakturipun, pranyata piyambeke ngrupiaken rencangipun waktos SD. Dados, menawi purun teng Bandung, Opan minggah bus ingkang tinamtu pangkat pukul 2 siyang. Ongkosipun gratis keranten kondakturipun ngrupiaken rencang Opan. Opan ngraosaken katah kegampilan teng salebetipun nerusaken kuliahipun. Teng Bandung uga Opan wekel mileten seminar-seminar gratisan. Katah cara ingkang piyambeke dipun jalani kangge nyangga gesang teng Bandung, ingkang priyogi cara ingkang dipun gunakaken yaniku cara sae lan halal.

Koleksi Naskah Pribadi

Koleksi naskah pribadi Opan kinten-kinten patang puluh naskah ingkang ngrupiaken warisan saking bapa tuwanipun. Nalika bapa tuwanipun seda, katah ingkang mendhet keris, jimat, cincin, lan sanesipun. Kangge naskah mboten wonten ingkang ketarik. Mung wonten setunggal paman ingkang ketarik, wastanipun Syarif Zaenal Asikin.

Tamtu jumlah koleksi naskah keluarga saniki langkung katah malih upami dipun gabungaken kelayan naskah-naskah ingkang dipun simpen dening pamanipun.

Rasa kesengsem Opan teng naskah warisan bapa tuwanipun keranten piyambeke aningali kitab kuno kadosdene ingkang piyambeke aningal teng Kaprabonan. Opan tambah kesengsem keranten saged maos lan ceritanipun sae-sae. Koleksi naskah Opan rata-rata isinipun babagan sejarah, nujum, sedekah wulan, amalan-amalan, ketarekatan, sarta silsilah. Nanging, dereng sedanten naskah piyambeke kesumerep isinipun. Saking semanten katah naskah ingkang piyambeke gadhahi, mung kurang



saking 10% ingkang sampun dipun maos keranten efek saking maos naskah saniki biasanipun ngrasa puyeng lan gatel. Nanging, upami sampun dipun laminasi, maos naskah dados langkung eca.

Pinten-pinten koleksi naskah Opan sampun dipun restorasi keranten jasa Perpustakaan Nasional Republik Indonesia. Naskah ingkang sampun rusak selajenge dipun

laminasi kelayan nggunakaken kertas tissue saking Jepang kelayan lem saking Jerman. Sanese niku, naskah-naskah Opan uga sawetara sampun dipun digitalisasi lan sawetara mlebet katalog naskah.

Pamaosan dumateng naskah-naskah koleksi Opan waktos saniki sampun wonten ingkang nerusaken, wastanipun Dodi. Miturut Opan, muridipun saniki pinter sanget lan anggadhahi jiwa seniman. Sanese niku, wonten uga calon-calon penerus Opan ingkang sampun S-2, dosen teng IAIN, lan PNS. Teng ajeng menawi keluarga Opan sampun mboten saged ngelolakaken naskah-naskah mekoten bade dipun serahaken teng museum.

AJA MANGAN SEGA

“He wa aja mangan sega “ jare miskad kang deleng Wa Gejleg lagi mangan sega jamblang.

“Lah baka aja mangan sega terus mangane apa? “ Jawab Wa Gejleg bari rada ngosog

“Ya apa tah apa. Sebab sega iku berbahaya, jare penelitian lan riset terahir “.

“Penelitian apa? “ Wa gejleg penasaran.

“Kih, wa. jare penelitian sega niku mengandung zat kang bisa gawe kecanduan kados dene udud lan ganza.”

“Lah, bisane niku priben. Baka ngomong sing bener, aja sampe tek tampek sira “.

“Hmm. Coba bae wa, sampean sarapane apa? “

“Sega “

“Rada awan sampean wetenge ngrasa kempong mangane apa? “

“Sega “

“Nah, ya kan. Sega iku bisa nyebabkan kecanduan. Dudu kuwen bae wa. Sega niku mengandung virus kang bisa

mateni uwong. “

“Apa maning??? Baka ngomong bli di saring dikit kih menusi siji kin kih “

“Lah, ki wa mumpung sampean durung mati. Tek pai weru. Flu burung sampean weru? “

“Ya weru. “

“Nah, ayam mangane apa? Sega king kan? “

“Iya. “

“Nuh, sing kena flu burung sapa? “

“Ayam “

“Sampean weru dewek kan? “

“Ayam mangan sega aking terus ayam mati kena flu burung sebabe”

“Mangan sega niku. “

“Dadi wa, pekara mumpung masih urip aja kakeh mangan sega. Eman wis tua gah “... “

“Oh... iya – ya... suwun nang.” jare Wa gejleg bari ngloyong lunga

Miskad gemuyu dewek bae...
(Nang Takul)



WONTEN TEMBANG MACAPAT TENG DINTEN MIMI SEJAGAT

déning **ABDUL AZIZ HM. EL-BASYRO**
(Komite Filsafat Dewan Kesenian Indramayu)

Tembang Macapat ingkang ngrupiaken tradisi atawa kebiasaan bahasa lisan sampun wonten awit zaman Majapahit. Artosipun awit zaman kerajaan Majapahit tembang tradisi Macapatan sampun dikenal, lan dados seni-budaya teng keputren kerajaan uga dados pimulang ngalusaken budi pekerti menusa. Kinten-kinten wonten teng akhir kerajaan Majapahit lan mlebeté dakwah Walisongo. Kados wonten serat kanjeng Sunan Kalijaga ingkang nyerat dakwah klawan alat bantu bahasa sastra Jawa Tengah. Kanjeng Sunan Kalijaga nyerat tembang ingkang dados tembang populer dumugi zaman akhir yaniku Lir-ilir. Bénten teng Jawa Timur lan Bali, terutamanipun Bali kota sewu Pure sastra jawa utawa Bujanggaan sampun dikenal sa'déréngé Islam dugih teng Nusantara. Kados contoh tembang Jawa Timur utawa Bali klawan judul: Kidung Ranggalawé teng taun 1334 Masehi. Contoh Macapat, Tembang Mijil :

Wulang Estri Kang Wus Palakrami
Lamon pinitados
Amengkoni pring baléwismané
Amongputra marusentanabdi
Dén angati-ati
Ing sadurungipun

Artosipun: naséhat kanggé tiang istri ingkang sampun nikah atawa rumah-tangga. Kedah duweni sipat ingkang saged dipercaya utawa amanah. Saged nglingungi rumah-tangga/keluarga. Saged ngopéni laré-



laréé. Saged jaga keluarga lan awak déwék. Lan duwéni sipat ingkang ngati-ati sadéréngi nglakoni perkara mboten grasa-grusu/sembrana.

Struktur/susunan Tembang Macapat.

Wonten aturan s ya i r t e m b a n g Macapat/Bujanggaan, yaniku :

1. Guru Gatra yaniku katahéjumlah baris teng tiap baité
2. Guru Lagu yaniku swara tembung vokal , akhiran tembung teng baris.
3. Guru Wilangan yaniku katahé jumlah wanda teng saben-saben baris.

11 jenisé Tembang Macapat yaniku :

1. Tembang Maskumambang.
2. Tembang Mijil, Mijil artosé wijil, wios lan waras. Gambaraken awal lairé menusa urip teng alam dunnya.
3. Tembang Kinanti.
4. Tembang Sinom.
5. Tembang Asmaradana.
6. Tembang Gambuh.
7. Tembang Dhangdanggula.
8. Tembang Durma.
9. Tembang Megatruh.
10. Tembang Pocung.
11. Macapat teng dina Mimi Sejagat

Kang Bambang kalih grup Macapat desa Tambi Indramayu sering nampil teng sanggar Mulya Bhakti pimpinane Mimi Wangi Indriya, putrinipun Mama Taam salah setunggalé dalang wayang dermayu. Kang Bambang kalih grup Sanggar Aksara Jawa pimpinan kang Ray Mengku Sutentra lan staf penasehaté Mama Ki Tarka

dados tiang ingkang ngurip-ngurip tradisi lisan Macapat utawa dikenal teng Dermayu Bujanggaan.

Kados mentas mentas teng tanggal 4 Maret 2014 Ki Tarka. Gawér kalih Ki Dalang ngisi acara Slametan Kidung Bayi lairan. Teras kidungan Ki Dalang Karno méntas Mama Burhanuddin teng desa Terisi Cikedung. Teng tanggal 13 Maret 2016. Lan kang paling énggal reramé teng Sanggar Asem Gedé Désa Muntur, Kecamatan Losarang, Indramayu. Jam 08.30 – 12.00 WIB. Pimpinan kang Dédé Jaelani dados pemangku hajatan: Dinten Mimi Sejagat klawan nampilaken Macapat utawa Bujanggaan. Ingkang dilaksanakaken tanggal 17 Pebruari 2019.

Mama Supali Kasim minangka sing duwé hajat duwé kepéngenan basa dermayu disenengi kalih bocah-bocah sekolah. Lan kebeh masyarakat wong Dermayu lan sekitar. Keranten acarané pepepek rimeng, yaniku :

1. Kidung Rahayu
2. Puisi Dermayu
3. Crita cendek
4. Parikan
5. Wangsalan
6. Bujanggaan/Macapat (an)
7. Jawokan
8. Tembang Pantura
9. Tembang Pujian
10. Pidato Kebudayaan
11. Dongeng
12. Bodor
13. Weligan peneling éling
14. Dedonga

Wonten tari-tarian/jejogédan lan seni Berokan

kados Barongsay Cina. Rerame dinten Mimi Sejagat mulai anget saksampune penampilan bodor teras kang Bambang méntas teng panggung klawan grup Macapat utawa Bujanggaan. Wonten penembang Macapat, kang Bambang. Wonten sindén lan penonton dados panjak. Klawan nyaut ya-ya-ya-ya lan éwalili-uwaing. Teras digantos teng kanjeng Sunan Kalijaga mawos kalimat Tahlil: La ilaha illallah.

Miturut kula, tembang Macapat utawa Bujanggaan wonten kalih. Setunggal, mawos naskah kuna teras ditembangaken lan disukani sesajén. Kaping kalih, nembang Macapat wonten sindén lan diraméaken jejogédan. Jenis tradisi lan seni tembang lisan niki dérèng katah disenengi bocah-bocah sekolah utawa masyarakat tiang enom. Masih disenengi mung tiang-tiang sepuh. Klawan nganggé klambi ireng-ireng lan iket kepala batik paoman.

Mugi klawan rerami teng acara dina Mimi Sejagat wontenaken tembang Macapat dados ngurip-nguripi basa dermayu. Uga dados seni lan budaya ingkang disenengi kalih bocah-bocah. Kedah dibomboni kalih ngawinaken budaya utawa tradisi Macapat klawan tradisi utawa budaya modern klawan mboten ninggalaken pakem-pakem Macapat utawa tembang Bujanggaan.

Kanggé mungkasi perkara Macapat teng dina Mimi Sejagat, kula nyerat :

Kados woh pari, Amengkoni sawah lan kebonan, tinunduk gadah katah isine : kados buah pari kang ditandur teng sawah lan kebon kang ngisi nambah nunduk. Nunduk maring pengeran kang duwe jagat semesta.



UPAYA NGLINDUNGI BASA LAN SASTRA DAERAH KEDAH SINERGIS

déning DEVYANTI ASMALASARI

Badan Pengembangan Bahasa dan Perbukuan, Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan ngawontenaken kegiatan Diskusi Kelompok Terpumpun (DKT) “*Sinergisitas Program dan Kegiatan Pemerintah Pusat dan Daerah dalam Rangka Pelindungan Bahasa dan Sastra Daerah*” teng Kota Bandung. Kegiatan punika diwontenaken dinten Selasa, 28 Mei 2019 teng Aula Prof. Tadjudin, Balai Bahasa Jawa Barat, Jalan Sumbawa Nomor 11, Bandung. Pamilet DKT inggih punika saking Biro Yanbangsos Setda Jabar, Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Bappeda Jabar, Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (LBSS), IKA Dubas Jabar, Peneliti Sastra, lan media massa.

Kegiatan DKT dibuka dening Drs. Umar Solikhan, M.Hum., Kepala Balai Bahasa Jawa Barat. Teng salebetipun wiraos Kepala Balai Bahasa Jawa Barat dijelasaken kegiatan DKT ngrupiaken salah satunggaling upaya Balai Bahasa Jawa Barat kangge monitoring, ngawasi, lan ngevaluasi kegiatan konservasi basa lan sastra teng Jawa Barat.

Kegiatan DKT punika diisi dumateng sekawan narasumber, inggih punika Kepala Balai Bahasa Jawa Barat, Drs. Umar Solikhan, M.Hum., Kasubbid Pelindungan Bahasa dan Sastra Badan Bahasa, Deni Setiawan, S.S., Ketua Dewan Kebudayaan Jawa Barat, Prof. Dr. Ir. Ganjar Kurnia DEA., lan Kasubbid Pemerintahan dan Pembangunan Manusia III Bappeda Jabar, Ida Ningrum, S.Si., M.Pd., sarta dimoderatori dumateng Ardianto Bahtiar, M.Hum. (Kasubbag Tata Usaha Balai Bahasa Jawa Barat).

“Kanggo nglindungi basa lan sastra, awitipun diwontenaken pemetaan basa lan sastra daerah”, tegesipun Kepala Balai Bahasa Jabar. Teng kesempatan punika, Umar njelasaken program kegiatan kebasaaan lan kesastraan Balai Bahasa Jabar ingkang sampun lan bade dilakukaken, di antawisipun teng taun 2019 Balai Bahasa Jabar uga nglakokaken konservasi manuskrip.

Samentawis niku, Prof. Dr. Ir. Ganjar Kurnia DEA., Ketua Dewan Kebudayaan Jawa Barat wiraos yen kangge nglindungi basa lan sastra daerah diperluaken rancana strategis lan sinergisitas program saking lembaga-lembaga ingkang nggadahi kepentingan. Upami mboten wonten sinergi, tiap lembaga

bakal medamel program piyambek-piyambek ingkang tamtune program wau saged dados tumpang tindih utawa duplikasi. Lembaga-lembaga teng luar pamrentahan kadosdene peguron inggil (perguruan tinggi) uga saged diajak sinergi. Teng Dinas Pendidikan Jawa Barat piyambeke, sesampune Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) dibubaraken, mboten jelas sinten ingkang ngurusi basa daerah lan kesenian.

Miturut Ganjar, ngawiti aspek sinergisitas saged kelayan ngrancang sesarengan kangge medamel program ingkang bade dilaksanakaken teng masing-masing lembaga. Prancanan puniki saged dikawiti kelayan ngerumusaken rancana strategis pembangunan kebasaaan sesarengan. Mila mekatén, ingkang sampun pas menawi Balai Bahasa Jawa Barat ingkang dados motoripun.

Saliyane Umar Solikhan lan Ganjar Kurnia, teng diskusi wau wonten uga minangka narasumber Ida Ningrum, S.Si., M.Pd., Kasubbid Pemerintahan dan Pembangunan Manusia III Bappeda Jabar lan Deni Setiawan, S.S., Kasubbid Pelindungan Bahasa dan Sastra, Badan Bahasa. Teng kesempatan diskusi, Ida Ningrum njelasaken pinten-pinten langkah ingkang dilakokaken Bappeda Jabar, yaniku program pelanggengan basa, pelanggengan sastra, lan pelanggengan aksara.

Teng diskusi wau, sawetara pamilet uga ngungkapaken pandegan teng salebetipun pelindungan basa lan sastra daerah, di antawisipun Imam JP (PR TV), Anggi Auliani Suharja (Ketua IKA Dubas Jabar), Darpan Ariawinangun (Ketua LBSS), Ardianto Bahtiar (Kasubbag TU Balai Bahasa Jabar), lan Heri S. Boaz (Pengawas SMA Disdik Jabar).



BAU SASTRA (KAMUS) MINANGKA ANCER-ANCER BASA

déning SAPTAGUNA*)

Anane basastra atawa sing dikenal kamus iku pancen penting. Paling beli iku mupangate ana telu. Pertama, jelas minangka wadah tembung-tembung sing ana ning wewengkon kuen. Wadah tembung iki penting sebab beli kabeh wong weruh atawa paham anane tembung sing ana ning basa daerahe. Baka beli percaya, kih tak coba. Sampeyan weruh beli artine "ipret"? Contoh ukarane (kalimate) mengkenen, "Laah... bagiane kita mung olih saipret." Umume wong ngerti tembung ipret iku artine setitik

atawa cilik. Tapi nyatane akeh sing beli ngerti apa sebenere ipret iku. Kita dewek nembe paham arti ipret iku sawise maca basastra sing ditulis ning jenate Pak Daroup, penulis basa daerah sing Junti. Ning kono Pak Daroup nerangaken yen sing aran ipret iku ireng-ireng sing ana ning pucuke woh gedang. Ning pucuke woh gedang iku ana ireng-irenge, sebute ngrawis kaya rambut. Nah, iku arane ipret.

Contoh tembung sejene iku "petuk". Beli kabeh wong Dermayu atawa Cerbon ngerti ning tembung petuk. Contoh ukarane mengkenen, "Wis tak petuk, sira aja demenan karo Kandeg, eh...malah tambah ruket." Nah, tembung petuk iku akeh sing ora pada ngerti. Sawise tak teliti nyatane petuk iku artine nasehat. Kaya-kayane petuk iku asale sing basa Melayu yaiku "petuah". Petuah iki asale sing basa Arab, yaiku "fatwa". Ning kene perlune basastra sing ngwadahi lan njelasaken arti



atawa maknane tembung-tembung sing wis dikenal atawa sing arang dikenal.

Ancer-Ancer Basa


Mupangat sing kapindo basastra yaiku minangka ancer-ancer atawa patokan (pedoman) tembung sing bener (baku). Ancer-ancer iki penting kanggo namtuaken endi tembung, ukara atawa basa sing bener. Endi tembung sing lisan atawa tembung tulisan. Endi sing dialek endi sing idialek. Contoh tembung sing keder namtuaken endi sing bener atawa baku yaiku tembung "pri-

ben" (bagaimana). Tembung kien ana sing nyebut "priben", ana sing nyebut "priwen", "piyen", "prewe", "priwe", "pre-wen".

Mengkonon uga tembung "baka" (kalau). Ana sing nyebut "baka", ana sing nyebut "kapa", "bakatan", "bakasan", malah ning desa Pagirikan ana sing nyebut "kapatan". Contoh tembung sejene yaiku "dikit" (dulu). Ana sing nyebut "dikit", ana sing nyebut "dingin", "dimin", "disit", "dipit". Nah, sebenere tembung-tembung mau bisa bae dianggep bener kabeh atawa ana sing salah. Ning kene tugase kamus ngupai weruh yen tembung sing baku iku tembung sing endi.

Wadah Tembung Anyar

Sipate basa iku ora matok (statis). Tapi melu ning perkembangane jaman (dinamis). Dadi sing arane tembung seturute waktu ya nambah. Akeh tembung-tembung basa daerah sing anyar sing durung dibakuaken. Ka-



ya dene "gebod", "doyok", "bapuk", lan sejen-sejene. Tembung gebod, iku asale nyabet-nyabetaken pari sing wis diarit (nggebod). Perkakas sing dienggo diarani gebodan. Tapi arti gebod sejene yaiku wong rabi (bersetubuh). Tembung doyok artine bisa blesak, bisa tua atawa wis pekrok. Contoh ukarane, "Laaah..wadone masih nom, ayu tapi lakine wis doyok. Geleman temen ya." Tembung bapuk maknane bahenol atawa jare jaman sekien mah "blaem-blaem". Tembung-tembung mau manjinge tembung sing anyar terus wis biasa dienggo kaboran sedina-dina. Tapi durung temtu ana ning bausastra.

Tembung-tembung sejene masih akeh sing durung manjing ning bau sastra. Sebabe tembung mau mung dikenal ning sedesa kuen bae. Contohe tembung "egrek" atawa "elen" iku ning desa Srengseng, Krangkeng artine rabi (setubuh). Ana maning tembung "kidang" iku artine wedus, tembung "salon" artine amben tempat turu, tembung "trenkal" artine wajan atawa penggorengan. Durung maning tembung-tembung sing ana ning istilaha wong mayang. Ana "penggolang", "kicli", "bidak" lan sejen-sejene. Nah, mupangate bausastra ning kene kudu dadi wadah basa sing anyar.

Priatin Bausastra

Ning kenyataane bausastra basa Cerbon lan Dermayu delengane masih priatin. Priatine krana jumlah sing nulis bausastra iku masih durung patiakeh. Sewe-ruhe kita sing ilok nulis bau sastra basa Cerbon Dermayu iku Pak Sadiyahana, Pak Warnali, Pak Daroup. Wong telu mau wis ninggal kabeh. Ana maning bausastra sing ditokaken ning Kantor Budpar Jawa Barat. Sing nembe anyar metu yaiku bausastra sing ditulis Pak Tasman.

Priatin sing kaping loro, bausastra mau masih du-rung komplit atawa masih ana tembung-tembung sing durung kepanjing. Sejene kuen

bausastra mau masih du-rung dipisah-pisah miturut aran tembung lan rangka bausastra kaya dene Kamus Besar Bahasa Indonesia KBBI) atawa sekien disebut Ejaan Bahasa Indonesia (EBI). Semono uga ya kudu disyukuri wis ana bau sastra sing wis dadi buku. Malah jare sih sekien batur kita sing Kaliwedi arane Imam MJ wis gawe bausastra onlen (on line). Dadi padu klik bae terus blaraat metu arti tembung. Encak bae jajalen. Mblarat beli.... he..he. Wis, ah kesuwun.

*) Saptaguna, sekretaris Lembaga Basa lan Sastra Dermayu (LBSD)



DIALEK TEGALGUBUG LAN SUSUKAN

déning IMAM EMJE

Tegalgubug lan Susukan niku kalih desa kang parek – parekan. Kalih desa niku uga nggadahi ciri kas wiraosan kang benten kaliyan desa kang sanésé. Contohé *“Kita mangkat meng pasar tegal gubug gedé jaet.”* Bebasané *“Kula kesah teng peken Tegalgubug tebih pisan.”* Basa Indonesiaé, *“Saya pergi ke pasar Tegalgubug jauh sekal.”*

Masyarakat Tegalgubug niku ngucapaken “jaet” niku nggadahi makna kang tegesé “banget” (bahasa Indonesia) atawa “pisan” (basa Cerbon). Kaya contohé *“gedé jaet”* uga sami kelawan *“tebih pisan”*. Liyané Tegalgubug kang wiraosan “jat”, inggih punika desa Susukan, nanging mboten sami. Teng Tegalgubug wiraosan “jaet” iku pendek, teng Susukan niku dawa. Contone *“Mlaku-mlaku ning sawah pegel jaet ih.”* Basa Indonesiahe, *“Jalan-jalan di pesawahan cape sekali”*. Wiraosan “jat” niku sampun dados ciri kas wiraosané kalih desa wau.

Wonten dugaan tembung “jaet” asal-usulé saking “dzat” kang tegesénipun “paling” utawi “sangat”/“maha”. Contohé *“Mung Gusti Allah kang nggadahi dzat welas asih”*.

Desa kang caket sareng Tegalgubug kadosdéné Kaliwedi, Gegesik, Karangsambung lan Arjawinangun. wiraosan jat mboten dienggé, mulané niku wonten sebagiyan kang ngetos, wonten malih kang ngertos, nanging mboten ngertos tujuané niku punapa.

Tembung “jaet” niku saged mawon asal-usulé saking kegesangan sosial masyarakat teng Tegalgubug ingkang katah-katahé santri. Sebab upami kula mlebet teng dusun punika, mboten ningal tiyang istri, punapa laré utawi dewasa kang mboten nganggé kudung. Punapa

sebabé? Tegalgubug niku saged diwastani “desa santri” kang wonten teng Cirebon kilen. Lan Tegalgubug niku katah pesantrén, senajan Tegalgubug tingkat desa lan katah alumni pesantrén saking wewengkon sanés, kadosdéné Kaliwungu, Lirboyo, Jombang, Kediri, lan sanésé.

Uga saged mawon wonten tilasan saking para sesepuh Tegalgubug kados Ki Anwar lan réncang-réncang seperjuangané. Kyai Anwar punika salah sanunggilé ulama kang nggadahi pengaruh teng perkawis sosial masyarakat dusun wau.

Kyai Anwar ngadegaken pesantrén teng tengah – tengah dusun. Sampé saniki maksih tetep ajeg ngadeg lan diwastani “Pondok Pesantren Al-Anwariyah” utawi kang kawentar disebut “Pondok Gedé”. *Waallahu'alam Bishowab.****

(Penyerat, Kitua Yayasan Kebudayaan Sketsa Pribumi.





CERKAK

déning M. YUSUF IS

KALUNG KANG DADI SAKSI

Serngenge durung entok surup, tetembangan betet lan jangkrik rameh nemen. Lektor wis mentas, bersih di kumbah. Beli Cuma di raupi, aja salah yen wong tani sekien ngandangi kebo, sebab maesa mung dadi memaes. Lektor sing kotor, kebul wis nyesep ning cungere wong tani. Zaman sampun modern. “Ya Allah kang kuasa kuataken ati kula, mimide tiap dina sewot bae. Ya Allah gusti... yen bener kula masi due embok tulung temuaken kula maring wong tua wadon kula sebab jare omonge tangga kula masih duwe wong tua wadon.” Kocap senok wati.

“Wati...!!! Bagus sira ku ya... diulat-ulati ngalor, ngidul menusae ana ning kene wati...!!! Sira ku angel temen diatur kon beres-beres umah sampe sekien during dilaksanakaken bae... Dlagda sira,!!!”. mimi siti ngumbangi wati.

“Mi... wati lagi kepeng

“Oh... bagus-bagus bareng kiyen siraku wani nglawan ning kita ya... Dlagdag siraku... kurang ajar, mangan dipakani, ngining diinungi, turu dipai kamer bareng kiyen nglawan... tuman siraku ya...”

“Ampun mi... ampun... wati jaluk maaf yen wati salah mi...”

“Beli maaf-maapan maning kurang ajar siraku....”
Ampun mi... ampun...”

“Nyingkir sira sing kene... minggat sira sing umae kita...” “Ampun mi... ampun...”

Wayah sore, ning umah geger rameh. Nok wati, minangka anak walon, entok bersih di seneni dening embok walon. Kalesan nafsu wis beli ke bendung, anak nurut di tundung – tundung. Angin sore nyeriwing atis, nanging betet masih tetep nembang.

Candra sumirat cahya ning raga alit. Nok wati jagat bengi masih klayar kluyur ning sekubenge desa. Arep tulung tulung ning sapa, arep sambat sambat ning sapa.

Lintang ning awang – awang mung bisa di gambar. Kanda ning ati arep lunga mendi.

“Ya Allah gusti... kula arep mendi maning. Kula kepengen ngulati wong tua wadon ora weru ana ning endi.” Cape nok wati bari selonjoran ning ranggon, panggonane mang hansip ning wayah bengi.

“Nok Wati...” beluk salah sawiji menusa ning segurie nok wati seiringe ranggon. Bari pesam pesem.

“Eh... Mang Jum... sing mau ta mang ana ning keneku...?” nok wati nyauri bari rada kaget setitik.

“Nok wati... sabenero Mamang weru apa kang ana ning atie wati. Mamang melas yen wis deleng wati disewoti ning aran siti lah... tapi mamang ora bisa apa-apa nok...”

“ Mang... wati pengen lunga sing umah sebab mimi sit iwis ngusir wati...”

“ Terus senok kepengen lunga mendi nok ? ”

“ Wati kepengen nemoni mimi kandunge Wati mang. Sebab jare tangga ngomong wati masih duwe wong tua kandung... mamang weru ana ning endi wong tuae wati ? ”

“ Ora weru nok...”

“ Mang oli beli wati jaluk tulung ning mamang ? ”

“ Jaluk tulung apa nok ? ” Jawabe mang Jum bari rada marek, dodok ning iringane wati, mirengaken curhatane nok wati, rada penasaran.

“ Tulung bokat mama takon wati sampeaken bae ning mama...”

“ Aih... bokat kuh jaluk tulung apa nok. Bokat kuh kon baturi mendi tah mendi atawa apa. Ya ari mengkon sih, ya wis mengko tek sampeaken ning mamae wati...” jawabe Mang Jum bari raie rada di tekuk rada rugi.

“ Yaw is... mang kulae pamit arep ngulati mimie wati...”

“ Ya los nok sing ati-ati mamang Cuma bisa do'a aken senok sampe tujuan lan ketemu karo mimine senok...”

“ kulae pamit ya mang...”

“ Iya nok...”

###

Sorot serngenge wis rada anget, gombal wis pating slampir nning tambang. Ayam lan manuk pating cemroet nembang. Ning pojokan desa, ana umah gede mentereng.

Kaya-kayane langka

Wong sejagat buana

Bagus rupa alim kaya satria

Arjuna ho... Cuma pacare kula

Awan bengi kelingan. Sampe klalen ning mangan.

Penasaran sun nerima subadan. Lamonan ho...

cinta bli telaksana.

Ho... Junjuran. Sing dadi idaman.

Saksi lintang lan wulan kula sayang sampeyan.

Ho... Junjuran. Sing dadi idaman.

Sumpah pitung turunan kula emong pisahan.

Sejuta hasrat kula wis kaya sekarat.

Batin kula ngucap sampeyan lange jagat

Bi enah minangka pembantu, nyanyi lan jejoged dewekan. Geal geol bokong ngalor ngidul, beli nyadar yen majikane ana ning burine

Ehem...!!! ehem...!!! ehem...!!!, Wa Gejleg minangka majikan, dehem ning burine bi enah.

“Eh... ana wa gejleg sing mau ta wa ?” cape Bi Enah, bari nyokot tapi keisinen.

“Dudu kari Siraku lagi apa, jongal-jongel dewek baekuh ?”

“Hehehehe.... Anu wa. Anu wa...”

“Anu-anu apa ? Eh... dudu sabenere pegaweyan pragat durung...?”

“Nah... Kuen ku wa... bisae kula enak-enak

joggedku. karena pegaweyan kula sampun pragat wa...”

“Oh... Bokat durung pragat sebab isin tora masa umae wa gejleg wong kang paling sugih terus kedelengane kotor kan kagak etis...”

“ Waduh... bareng kien majikan kita bisa bahasa etis...” jare mang jum kang langsung nyrudug manjing.

“ Hehehehe.... Ya jelas dong ah...” jare Wa Gejleg bari ngelus-ngelus dada.

“ Eh... Wa, sampeyan ning kene seneng-seneng bae. Ora weru wati lunga sing umahku...” Jare Mang Jum bari rada bisik – bisik ning Wa Gejleg.

“ Lunga !!! maksude priyen sirae Jum...?”

“ Dadi sampeyan ora weru senok wati diusir ning sembok tirie kang aran wewe siti kah...”

“Eh... sing bener si jum siraku baka ngomong...”

“Aih... ya bener masa beli bener bokat beli percaya takona dewek bae ning wewe sitie lah...” bari rada ngeledak setitik.

“Nacak si tek takoni. Ti... siti...” wa gejleg beluk bari rada ngosog.

“Iya kang...” Semaure Mimi Siti rada meluang, soale adoh ning jero jobong.

“Eh... Bner ta beli jare jumali siraku ngusir senok wati ?”

“Bener emang apa si kang sampeyan beli trima tah.”

“Eh... Siraku ya tegel temen ning anak reag sampe-sampe diusir. Ngader siraku urip mangan karo sapa.”

“Eh... kang sampeyan sing kelingan umah, sawah, pabrik berasku wis deke kita dudu deke sampeyan maning kan namae wis di ganti.”

“Siraku mengkonon ti...” jawabe wa gejleg bari jembewe nangis.

“Aih... Ya iya apa si ta bokat sampeyan pengen nyusul anak ya los mangkat mana ...”

Wa Gejleg nyusul anake, kang lunga sing awit jagat peteng sampe jagat padang lan garep peteng maning. Wa gejleg ngrasa dosa ning senok wati.

“Deleng jagat kayae wis rada peteng adi kula durung balik bae mendi ya bocah ku...” jare Wira

“Kang aja glandang glendeng dewek bae si. Terus sampeyan lagi apa ngomong dewek baeku...” Jare reni sing gurie Wira minangka dados kakange

“Aduh.... Reni, siraku nok tek ulat-ulati sing mau sing endi bae...”

“Aih... dadi mau kuh kakang glandang glendeng ku ngomongi kula...”

“Iya.... Eh... nok sekien wis sore ayu balik bokat mama karo mimie ngulati yu...”

“Ya engko si kang... semene masi rada awane... oiya kang sampeyan kakange wati kang ganteng dewek sabenere kakang ku wis duwe demenan durung si kang...”

“Hus.... Sembarangan bae baka ngomong. Mengko

baka senok mely wis sukses ning belajar ning pendidikan dau kakang ngulati wong wadon.”

“Eh... kang kaya-kayae ana wong nangis sapa ya?” bari rada deluk meneng anteng.

“Iya... sapa ya...??? Ya wis los sekien nok melye balik mengko kakang deleng sapa sing nangis soale suarae kaya wong wadon...”

“Ya kang melas delengen sapa ? Oiya kulae wangsul ya kang....”

“Iya los nok ati-ati....”

Selulupe serngenge wis telung dina, sing awit nok wati medal sinng umah. Bari gondol cita-cita ketemu karo wong tuane, wati bari brebelan banyu mata melayu sing umah.

“Ya Allah Gusti kula jaluk tulung temuaken jalan kanggo kula... kula arep mangkat ngulati mimi ayu tapi ana ning ning di” Banyu mata nyrococos sing mata, lambe jembewe dermemel nangis.

“Punten sampeyan kenang apa nangis...” wira nyoba nakon

“Kula lagi keder ...”

“Kodikit-kodikit tek deleng-deleng wajah ora asing sampeyan ku wati dudu... baka beli salah aran aslie ciska wati ? jare wira, bari ngimpleng – ngimpleng raie wati kang lagi dermemel nangis.

“Sampeyan weru ning arane kula.”

“Eh... masa beli kenal ning kita, kita ku kang aran Wira.”

“Wiradi ta... batur sekolah ning SMPN 2 Kaliwedi ...”

“Iya bener.... Oiya...kenang apa wati nangis?”

“Eh... mboten apa-apa kang. Oiya kabare priyen kang wis pirang th. ora ketemu...”

“Alhamdulillah, baik. Sabenere wati arep mendi dewek bae ku....”

“Kang sabenere kula lagi ngulati wong tua kang sing awit cilik mula kula ora lok weru....”

“Oh.... Mengkonon terus alamat weru ana ning endi?”

“Mboten kang... kula Cuma weru nama desae bae...”

“Cuma apa nok?”

“Nama desae bae...”

“Oh... Dadi kepriyen yen kakang melu ngulati mimine nok wati. Mengko nok wati tek kenalaken karo bosa kula wonge baik pisan kanggo sementara senok wati nginep.”

“Oh.... Ya kesuwun kang....”

###

Mega abang wis ajeg ning kulon, Nok Wati lan Wira bebarengan wong lora, tumindak wangsul. Jam wis pirang puluh kali puteran, impenan ketemu karo mimine. Senok watimasih durung nyerah. Malah anae wira, nambahi semangat.

“Aduh... Senang Wirakah mendi ya... durung wayae balik wis langka... angel kari wong enom ku durung

ngerti ning aran kedisiplinan...” gelendangane mimi ayu kang lagi gelisah nunggoni anake.

“Assalamu'alaikum....” Sing jaba umah krungu salam

“Wa'alaikum salam....” Den jawab dening Mimi ayu.

“Mi... Maaf mau pegaweyan tek tinggal asale ana sms sing mama karo mimi kon ngulati Reni...” cape wira bari salaman karo Mimi

“Oh... Ya wis beli apa-apa. Soale bokat asal kloyong bae mangkae masih suker gerit koe arep sapa sing beberes yen dudu siraku... Ari kuen sapa Wir... demenane sira ta ?”

“Sanes Mi... Oiya kenalaken Mi... kin arane wati...”

“Ngko dikit... Nok wati oli kalung kin sing endi ? senok aran aslie ciska wati anake mama gejleg bener nok...” kocape Mimi Ayu bari delengi kalung.

“Nggih mi... kula pecile mama gejleg kalung kien titipane wong tua wadone kula... tapi kula durung weru wajae kaya apa karena mama lan mimie kula pisahan sing awit umur kula masih setaun...” saure wati bari ngemeki kalunge.

“Dadi bener sira anake mama gejleg... Nok...nok kin mimi nok. Mimi ayu, mimie wati dewek.” Cape Mimi ayu bari brebes mili.

“Bener mimikuh mimie wati... mimi..... Kula kangen mi... maring mimi sing awit bengen pengen weru mimi, pengen bareng urip bareng karo mimi lan pengen ngebakti ning mimi...”

“Nok ... Pangapura mimi ya nok mimi salah ninggalaken senok. Mimi nyesel nok mimi jaluk ampura nok...”

“Wati uga jaluk pangapura mi...”

Nangis dermemel bareng wong loroan, ngedeprokan ning pangkon. Unggal taun senok wati kaya ke impi – impi urip bareng karo mimi kandunge. Selawas – lawase urip karo mimi walon, kesiksa bati, kesiksa raga. Gusti Allah nyukani welas asih nemokaken wati kalian mimi ayu.

“Nok sekien senok wis ketemu karo mimi senok wis aja nangis maning sekien senok adus bari rapih mengko ngobrole bari enakan ayu sekien pada manjing kabeh...”

“Assalamu'alaikum.” suara lamat-lamat ning jaba

“Wa'alaikum salam...”

“Mama ana ning kene lagi apa ma ?” cape wati

“Nok mama di usir sing umah ning siti lan ternyata sitiku Cuma luruh hartae mama bae. Nok... mama jaluk pangapura ning senok lan ning... ning...” ngomong bari dermemel nangis ngerucuk banyu matae.

“Ning sapa kang... kula wis mangapura ning kesalahane sampeyan dadi kien wis ayu urip bareng-bareng” Mimi ayu nyauri sing jeroan.

“Terus bisae weru kun anake sira sing endi...”

“Sing kalung kang...”

“Oh... Sing kalung... berarti kalung kun kuh di arani Kalung dadi saksi.

***Penyerat, Kitua Dewan Pengawas Komunitas Sketsa Pribumi**

CERKAK

CINTA NEMOKAKEN DALANE



déning SULASNURPENI

Ning duwur lemah kang jembar, ning duwur suket-suket kang ijo kentel, ana tempat kanggo jagong wong-wong kang lagi pada ngaso. Angin semriwing nyapu rai bocah wadon ayu kang lagi jagong anteng ning salah siji kursi kang ana ning kono. Matané wadon iku ndeleng salah siji kampus tempat mahasiswa lurus ilmu. Suwé wong wadon iku ndelengaken kampus kang dimaksud. Wong wadon iku bli salah maning yaiku Nuning, salah siji alumni mahasiswa kampus kang dimaksud. Kampus iku salah siji kampus negeri kang kesohor ning Indonesia, kang ana ning daerah Jawa Tengah tepaté Yogyakarta. Nuning kelingan lagi jaman kuliah, duwé kenangan kang manis pisan kang bli bisa diklalénaken sampé kapan baé.

Nuning waktu semono kuliah seméster lima. Nuning iku mahasiswa kang aktif ning salah siji organisasi, yaiku Kopma (Koperasi mahasiswa) ning fakultas tempat Nuning kuliah. Nuning iku mahasiswa kang nyenengaken, rajin, suméh, baik, akéh baturé, lan bli sombong. Séjéné aktif ning organisasi, Nuning uga mahasiswa kang pinter ning akademik. Unggal seméster

Nuning olih IP kang gedhé lan predikété sangat memuaskan. Unggal dina, Nuning mangkat ning kampus numpak angkot, lantaran jarak umah marani kampus lumayan adoh, kurang lewih 30 menit. Ning Yogyakarta, Nuning bli urip ning kost-kostan. Lantaran Nuning duwé sedulur ning Yogyakarta, dadi Nuning manggon ning umah seduluré iku.

Ning salah siji dina, organisasi kang Nuning pélu arep nganakaken kegiatan kampus kaya macemé paméran Kopma. Kegiatan iku kang nganakaken institut, Nuning aktif ning kegiatan fakultas. Tapi kegiatan iku nglibataken kabéh mahasiswa kang aktif ning organisasi kang dimaksud. Sedurungé kegiatan iku dianaaken, langkah kesiji yaiku nganakaken rapat persiapan dikit kanggo kabéh anggota organisasi iku. Minangka anggota organisasi kang aktif, Nuning mélu kegiatan rapat iku.

Pas lagi mélu rapat karo baturé, ning baturé kang arané Dina, Nuning dikenalaken karo salah siji mahaiswa lanang kang aktif ning institut, Hasan arané. Hasan iku alah siji mahasiswa kang aktif. Dudu mung siji organisasi baé kang dipélu, tapi pirang-pirang oganisasi.

Diantarané, Ménwa (Résimén Mahasiswa), Kopma, Senat, lan sanésé.

“Ning, tek kenalaken karo batur isun, iki arané Hasan”, jaré Dina.

Jaré Hasan, “isun Hasan, mahasiswa jurusan téknik seméster pitu, asalé isun sing Jakarta, kostan isun ning parek kampus. Mba sih arané sapa, jurusan apa, seméster pira, asalé sing endi, kostané ning endi?”

Jawabé Nuning, “aran isun Nuning, jurusan BK, asalé sing Cerbon, isun bli kost, mélu ning sedulur isun.”

Jaré Hasan, “ooooo... Engko aja balik dikit ya... Tek anteraken ning isun baliké.”

Nuning mung mésem baé, pas Hasan ngomong arep nganteraken balik. Hasan mbebodo, asalé dudu sing Jakarta, padahal sing Cerbon.

Rapat wis pragat, kabéh kang mélu rapat pada balik. Tinggal Nuning karo Dina baé kang masih ana ning tempat rapat. Dina nunggoni Hasan, jarené arep nganteraken Nuning balik ning umah. Pas ketemu karo Hasan, terus Dina ngingetaken Hasan nganteraken Nuning balik. Eéééh...Hasan bli ngladéni, malah mlayu. Dina séwot, lantaran Hasan bli nepati janji kanggo ngnateraken Nuning balik. Dina melas ning Nuning, lantaran umah Nuning adoh lan jagat wis bengi. Nuning bli gelem mumet, bli masalah lamun Hasan bli gelem nganteraken balik. Nuning wis biasa balik dewekan. Akhiré Nuning karo Dina balik déwék-déwék.

Kegiatan persiapan kanggo paméran Kopma iku gawé Nuning karo Hasan sering ketemu. Suwé ning suwé, Nuning karo Hasan tambah parek lan luket hubungané. Akéh wong kang nyangka antara Hasan karo Nuning ana hubungan demenan. Tapi lamun Nuning utawa Hasan lamun ditakoni soal hubungan loroané, Hasan utawa Nuning pasti ngakuné langka hubungan apa-apa, Cuma baturan baé.

Ning salah siji dina, ana baturé Hasan arené Didi kang takon ning Nuning soal hubungan Nuning karo Hasan. Lantaran penasaran lan melas ning Nuning lamun engko ngerasa lara ati ning Hasan.

Didi takon, “Ning, sebeneré kepribén hubungan sira karo Hasan kuh?”

Jawabé Nuning, “ hubungan apa kang dimaksud Mas Didi?”

Jaré Didi, “ ya maksudé Nuning karo Hasan kuh demenan tah?”

Jawabé Nuning, “bli Mas, isun karo Mas Hasan bli demenan, mung baturan baé.”

Jaré Didi, “ooooo... ya wis lamun mengkonon sih. Soalé lamun sampé Nuning kadung seneng Hasan, melas ning Nuning.”

Nuning takon, “melasé sih kenang apa?”

Jaré Didi, “ya melasé, engko bokot Nuning lara ati. Soalé akéh wong wadon kang lara ati ning Hasan. Lantaran salah trima karo lelakuné Hasan. Dikirané Hasan seneng lan ngupai pengarep-arep, padahal mah mung nganggep batur baé. Lantaran Hasan wis duwé

demenan, tapi bli ning Yogyakarta. Bengiyéné baturan lagi SMA, demenané gét wis sing awit SMA. Sering méné jéh demenané Hasan, niliki Hasan ning Yogyakarta.”

Jaré Nuning, “ooooo....iya tah Mas ? Bli lah Mas, Isun Cuma baturan baé.”

Tapi tambah dina tambah suwé tambah séjén kang dirasakaken Nuning ning Hasan. Kaya-kayané Nuning dudu mung péngén dianggep baturan baé ning Hasan, tapi péngén lewih sing batur. Lantaran ana rasa kang séjén ning atiné Nuning unggal parek karo Hasan. Nuning wis kadung demen ning Hasan. Sing endi Nuning bli demen ning Hasan? Perhatian Hasan ning Nuning iku lewih sing batur. Tugas kuliah Nuning gét sering diréwangi ning Hasan. Lamun Nuning arep lunga mendi baé, ya dianter ning Hasan. Kuwen kang gawé Nuning kadung demen ning Hasan.

Kegiatan rapat dianakaken maning. Ning rapat kang kien, Nuning ngerasa kudu ana kang diomongaken ning Hasan soal perasaan Nuning lan kejelasan hubungané. Akhiré Nuning lan Hasan janji mangan bareng sewisé pragat rapat.

Nuning takon, “ Mas Hasan, sebeneré kepribén sih hubungan kita kuh?”

Hasan balik takon, “hubungan apa Ning?”

Jaré Nuning, “ya hubungan Mas Hasan karo isun kuh sebeneré apa ? Soalé akéh kang nyangka Mas Hasan karo isun kuh demenan.”

Jaré Hasan, “Ya biasa baé jéh. Lamun akéh kang nyangka kita demenan, ya bagén baé lah.”

Jaré Nuning, “ya dudu mengkonon Mas...Isun péngéné hubungan kita kuh dudu mung baturan baé, tapi lewih sing bebaturan. Lantaran isun wis kadung demen ning Mas Hasan.”

Jaré Hasan, “bli bisa Ning...lantaran masalah isun durung pragat karo kang ning kana.”

Jaré Nuning, “ooooo...karo demenan kang ning Cerbon tah?”

Jawabé Hasan, “iya... Nuning weruh sing sapa?”

Jawabé Nuning, “isun weruh sing Mas Didi. Terus perhatian lan lelaku Mas Hasan ning isun sampé sekien kuh apa maksudé?”

Hasan meneng baé, bli wani ndeleng rainé Nuning sing awit diajak ngomong ning Nuning.

Jaré Nuning maning, “ya wis Mas, lamun pancén kita langka hubungan apa-apa, lamun pancén Mas Hasan bli bisa nerima isun, mulai sekien lan seterusnya kita jaga jarak baé. Aja ngupai perhatian, pengarep-arep, lan mareki isun maning.”

Jaré Hasan, “ya wis.”

Sewisé ngomong mengkonon, Hasan ninggalaken Nuning déwékan ning warung mangan iku. Hasan lunga bari bli nylinguk-nylinguk acan. Nuning kang ditinggal Hasan déwékan, kelara-lara atiné. Rasa nyesek ning dada, nyéwot, isin, lan sedih dadi siji bli karu-karuan rasané.

Tambah dina tambah suwé, suasana Hasan karo Nuning lamun ketemu kaya wong bli kenal baé. Unggal

rapat ketemu, unggal Nuning mangkat kuliah pasti léwat ning adepan kostané Hasan, pasti ketemu Hasan. Ya mengkonon iku unggal ketemu, pada-pada meneng baé bli nyapa. Tapi ning atiné Nuning ana rasa kang ilang pas wis bli nyapa lan bli ngobrol karo Hasan. Keanaan kien terus dilakoni sampé pragaté kegiatan paméran Kopma.

Ning seméster nenem, mahasiswa nglakokaken kegiatan KKN, yaiku kegiatan pengabdian ning masyarakat. Nuning uga mélu ning kegiatan iku, lantaran Nuning uga wis seméster nenem. Wayahé mahasiswa arep mangkat ning genah KKN, mahasiswa diséwakaken bis sing kampus. Unggal bis mahasiswa KKN dikawal ning Ménwa. Dilalah, bis kang nggawa Nuning mangkat KKN kang ngawal sing Ménwa yaiku Hasan. Dadi, gelem bli gelem ya Hasan karo Nuning ketemu maning. Sing awit mangkat, ning dalan, sampé teka ning genah KKN, Hasan perhatian pisan ning Nuning. Tasé Nuning digawakaken ning Hasan, keperluan Nuning ning genah KKN uga dicukupi ning Hasan. Pokoké Hasan bli kurang-kurang ngupai perhatian ning Nuning. Sampé pragaté KKN kang lawasé telung wulan, terus mahasiswa balik maning ning kampus, perhatian Hasan bli mandeg-mandeg kanggo Nuning.

Sewisé pragat KKN, lantaran selawas KKN Hasan ngupai perhatian lan pengarep-arep maning ning Nuning, ndadiaken rasa ning ati Nuning ana maning kanggo Hasan. Unggal waktu, unggal ketemu, antara Hasan karo Nuning tambah luket. Malah lewih luket maning tinimbang sedurungé. Keanaan mengkonon kang nyebabaken Nuning penasaran karo hubungan kang lagi dilakoni karo Hasan. Akhiré Nuning uga ngomong lan takon maning ning Hasan soal hubungan dewéké karo Hasan. Tapi jawaban Hasan bli robah, masih pada baé karo jawaban kang bengiyén. Bli kerasa banyu mata Nuning njréjés metu bli ketahan maning. Atine Nuning kelara-lara maning, persis kaya kedadiyan kang wis pernah dirasakaken lagi ngomong kang pertama ning Hasan, malah tambah nemen. Akhiré Nuning mutusaken kanggo bli parek-parek maning karo Hasan.

Ning awal seméster pitu, mahasiswa nglakokaken kegiatan PPL (Pengalaman Prakték Lapangan). Nuning uga salah siji ning mahasiswa kang mélu PPL. Mahasiswa kang bagian kegiatan PPL, ngurus administrasi ning BAAK. Waktu Nuning ngurus berkas ning BAAK, bli sengaja Nuning ketemu maning karo Hasan. Sontak Hasan langsung takon ning Nuning.

Hasan takon, “Ning, lagi ngurus apa?”

Jawab Nuning, “iki Mas, ngurus berkas kanggo keperluan PPL.”

Jaré Hasan, “ooooo... Olih tempat PPL ning endi?”

Jawabé Nuning, “olihi ning SMP Negri 1 Bantul.”

Jaré Hasan maning, “ooooo... iku sih genahé isun lagi PPL. Engko gampang tek anteraken mana. Isun kenal karo kepala sekolahé.”

Jaré Nuning, “Iya, kesuwun Mas.”

Berkas kanggo PPL wis pragat kabéh. Waktuné

kegiatan PPL teka, mahasiswa dipai bekal ilmu kanggo pengabdian ning tempat PPL. Pas wayahé mangkat ning genah PPL, bener baé Hasan nepati janjiné kanggo nganter Nuning ning genah PPL. Ning genah PPL, Hasan langsung ngenalaken mahasiswa kang raep PPL ning kono, bli kari karo Nuning. PPL dianakaken kurang luwih rong wulan. Selawasé PPL iku, Hasan bli kurang-kurang ngupai perhataan maning kanggo Nuning. Tugas-tugas kang kudu digawé Nuning kanggo PPL, kabéh diréwangi Hasan. Sampé pragaté PPL, perhatian Hasan bli lok kurang kanggo Nuning.

Wayahé PPL pragat, kabéh mahasiswa balik maning aktif ning kampus. Sewisé PPL, hubungan Hasan karo Nuning keulang maning kaya kang wis-wis. Mendi-mendi Hasan karo Nuning sering loroan baé. Sampé gawé iri batur-batur kang séjén kang ngedelengé. Kedadiyan iku gawé Nuning penasaran ning Hasan. Bokot baé kang dirasakaken hasan sekiyen séjén karo kang dirasakaken bengiyén, pikiré Nuning. Akhiré Nuning nékad kanggo takon maning ning Hasan soal hubungané. Bli béda karo kang wis-wis, jawabané Hasan pada baé, langka robahé. Nuning ngrasakaken maning kelara-lara kang ping telu. Nelangsa, lara ati, isin, lan rasa séjéné kecampur dadi siji. Dadaé kerasa nyesek, mengkel bli kewetu. Arep séwot, tapi séwot ning sapa? Langka kang bisa disalahaken. Saking wis kadung demen ning wong lanang. Padahal ana wong lanang séjén kang demen ning Nuning, tapi bli dianggep ning Nuning, lantaran bli demen. Demené mung ning Hasan, demené bli kejagan.

Sewaktu-waktu, pas préian kuliah, ana kumpulan mahasiswa asal Cerbon kang bareng-bareng kuliah ning Yogyakarta. Nuning mélu kumpul, kebeneran Hasan gét mélu kumpul. Mahasiswa Cerbon kang kuliah ning Yogyakarta iku kumpulé ning alun-alun Kejaksan. Hasan karo Nuning ketemu maning ning acara iku. Tapi ning waktu iku, séjéné arep kumpul karo mahasiswa Cerbon, Hasan uga arep ngenalaken Nuning ning demenané kang ana ning Cerbon. Wayahé kumpul ning alun-alun, demenané Hasan teka. Terus Hasan langsung ngenalaken demenané iku ning Nuning.

Jaré Hasan, “Ning, kenalaken iki Tika.”

Jaré Nuning, “oh iya, aran isun Nuning.”

Jaré Tika, “aran isun Tika.”

Ana rasa nyesek ning dada, sedih, isin, serba salah, lan bli karuan rasa kang ana ning dada Nuning waktu dikenalaken karo Tika.

Sewisé kenalan karo Tika, Nuning langsung ninggalaken Tika karo Hasan loroan. Nuning bli weruh apa kang diobrolaken antara Tika karo Hasan.

Wayahé préian kampus wis pragat. Waktuné Nuning aktif mangkat kuliah maning. Ning kampus Nuning bli ketemu-ketemu karo Hasan. Lamun séndané ketemu gét, bli pada nyapa, mung meneng baé loroané. Tembé sedélat mangkat kuliah, préian teka maning. Yaiku préian pertama puasa. Kabéh mahasiswa pada balik kampung, bli kari karo Nuning. Wayahé balik ning kampung, bis

kang marani Cerbon kebek terus. Lagi nunggoni bis ning terminal, bli weruh Hasan uga pada bae nunggoni bis arep balik kampung. Dadi, gelem bli gelem Nuning karo Hasan ketemu maning. Bli suwé nunggoni, bis kang marani Cerbon teka. Akhiré Nuning karo Hasan terpaksa numpak bis bareng. Ning dalan, mung ngobrol seperluné baé.

Suwé ning dalan, akhiré bis teka uga ning Cerbon. Bis teka ning Cerbon wayahé sahur. Nuning karo Hasan mudun, sebab bis arep langsung marani Jakarta. Lantaran bli balik ning umah, akhiré Nuning karo Hasan mampir dikit ning warung sega kang masih buka. Warung iku masih buka tekan isuk, sengaja kanggo nyediaaken wong-wong kang arep sahur. Nuning karo Hasan sahur bareng ning warung iku. Sewisé sahur karo nunggoni waktu Shubuh, Nuning karo Hasan ngobrol maning. Kang ngawiti ngobrol dikit yaiku Hasan.

Jaré Hasan, “Ning, amit ya lamun isun wis pirang-pirang kali gawé lara ati Nuning. Dudu saking isun sengaja mengkonon, mung baé isun masih duwé ganjelan karo kang ning Cerbon.”

Jaré Nuning, “Ya wis, bli pa-pa...isun ngerti perasaan Mas Hasan. Dadi sekien kepribén perasaan Mas Hasan sebeneré ? Masih durung bisa kan nrima

kepéngéan isun ?”

Jaré Hasan, “ Isun gét sebeneré duwé rasa kang karo sira. Mung baé masalah isun durung pragat karo Tika. Lagi pas ketemuan ning alun-alun, isun wis ngomong karo Tika, wis mragataken masalah karo Tika.”

Jaré Nuning, “ dadi sekien kepribén ? Mas Hasan bisa nrima Isun ?”

Jawab Hasan, “ iya Ning....isun gelem nrima sira dadi demenan isun.”

Jaré Nuning, “Alhamdulillah....”

Nuning ngrasa plong atiné, lantaran Hasan bisa nrima déwéké dadi demenané. Wis diulang-ulang ping telu, kang kepat Hasan tembé gelem nrima. Awitan iku, Hasan lan Nuning dadi demenan. Nuning ngrasa bungah pisan, lantaran wong lanang kang didemeni bli kejagan iku wis dadi demenané. Sampé akhiré Nuning karo Hasan dadi kawiné, lan sampé sekien uripé seneng, tentrem, ayem, lan duwé bocah lanang loro kang lucu-lucu. Iku kang arané cinta nemokaken dalané. Lantaran sabar lan gelem ngusahakaken rasa cinta, akhiré suwé-suwé cinta iku bisa didadiaken siji kayadené cintané antara Hasan karo Nuning.

*****000*****



BEDUG KERAMAT JAKA BAJUL

déning KUSYOTO

Sejarah dadi cerita, cerita dadi kanda, kanda dadi mitos sing mayungi sekabehe menusa sing urip ning alam dunya, kasebut ning desa Jatisawit wilayah Kawedanan Jatibarang, mangsa sing wis kelewat, waktu kuen sing dadi kepala desa kasebut kuwu Jagantaka, ana maning sing serat kanda nyebut kuwu Jatisawit nalika jaman kuen yaiku kuwu Sardana, ning seputerane zaman Belanda iku cerita kien anane.

Nini Santi nyebag sewayah-wayah, keringete gremodos se awak-awak sampe tapih lan klambi kebayane teles, planga-plongo sekubenge kamer, matane sing masih ngantuk ndeleng aki Kamal, lakine sing masih ngorok kerodongan sarung.

“Ki, aki kamal tangia sedelat,” jare nini Santi karo ngoyeg-oyeg awake aki Kamal.

Aki Kamal ngulet sedelat, tangi nyjentul ning pinggir peturon.

“Ana apa nini, masih bengi nangekena *reang* kuh?”

“Kita tas ngimpi ki.”

“Ngimpi apa nini?”

“Kita ngimpi ketiban pulung ki.”

“Ya wis, mudah-mudahan sukiki esuk olih rejeki, sekien reang masih ngantuk nini.”

“Uwis los turua maning ki.”

Aki Kamal ora ngeladeni omongane nini Santi, langsung madal sarung maning nerusakan ngimpine sing ketunda.

**

Srengenge wayae surup meng bengawat kulon, langit sing maune padang lenglang alon-alon dadi surem pribawane, semilir atise angin laut maksa aki Kamal sing lagi *nganco* ning sepinggire muara kali Cimanuk rada ngeraketaken sarung ning awake, embuh kerna sebab

apa dina kien langka siji-siji acan iwak sing nyangkol ning ancone aki Kamal.

"Pada mendi iki iwak ya, sing esuk sampe srengenge arep surup ora olih siji-siji acan,"jare aki Kamal ning jero ati.

Sing tengahe laut ana jukung nyandar ning pinggir pesisir, salah sewiji *wong mayang* yaiku bocah enom mareki aki Kamal sing masih nganco.

"Aki wis sore yugah balik,"jare boah enom mau.

"Los sira ngulu dipit nang, reag durung olih iwak kih,"jare aki Kamal.

"Ikih lumayan kanggo lawuan ki, jare bocah enom mau, ayu balik delat maning arep udan,"jare bocah enon karo ngupai iwak alakadare.

"Iya wis kesuwun ya nang."

"Reang ngulu balik ya ki."

"Iya los mana."

Bocah enom lanang mau langsung ninggalaken aki Kamal sing lagi ngerapihaken anco lan siap-siap balik meng umah. Ning setengae dalan, parek barongan pring, ana anakan buaya nggeletak ndepes ning watu-watu embuh urip apa mati, awale aki Kamal arep ninggalaken satoan mau, kerna melas akire anakan buaya mau digawa balik lan didadikaken ingon-ingon, genang aki Kamal anakan buaya mau ditempataken ning sejerone gentong.

Gelise wong kanda, dina ganti minggu, minggu ganti wulan, wulan ganti taun, anakan buaya mau dadi gede kerna ora muat maning ning gentong, genang aki Kamal buaya mau ditempataken ning kolam guri umahe, nanging ana keanehan ning buaya iki yaiku doyan mangan sega, rumbah, sambel lan panganane menusa sejene.

**

Padang wulan wayah ke tiga ramehe bli kira-kira lanang wadon pada guyonan tua enom pada dolanan, lagu tarling sing terkenal jaman semana ngiringi pesta adat mapag sri ning desa Jatisawit rameh pisan, mapag sri yaiku salah sewiji adat sing ana ning kawasan Indramayu nyambut panen pari, pesta nyambut panen unggal taun termasuk ning desa Jatisawit lan desa-desa sejene sekubengan kawasan Indramayu biasane ditanggapaken wayang, wis tentu para kawula enom, bocah-boah enom sing wis prawan lan jejaka pada ngenteni adat desa mapag sri iku termasuk Katijah salah sewiji bocah prawan anake kepala desa Jatisawit kuwu Sardana.

Bengi iku ning balai desa Jatisawit tanggapan wayang lagi rameh-ramehe, Katijah lan batur-batur wadone lagi nonton wayang kaget, atine anak kuwu Jatisawit iku deg-degan sewise ketemu pandeng karo salah saewiji jejak sing gagah rupane, alim gawaane lan sopan prilakune.

"Punten olih kenalan beli ya?"jare pemuda karo ngasoraken tangane.

Katijah isin-isin kucing nyambut uluran tangane pemuda iku karo ndeluk lan nyolong-nyolong

pandangan.

"Katijah..."

"Arane bagus, sebgus uwonge,"jare pemuda iku gawe atine Katijah kembang-kembang.

"Katijah uwis bengi yu balik gah,"jare bature.

"Ari kakang sih, arane sapa?"

"Kita arane Jaka, anake aki Kamal."

"Oh, ya wis, kita balik dipit ya kang Jaka,"jare Katijah dijawab antukan lan mesem Jaka.

Wit ing tresna jalaran suku kulina, rasa sayang lan demen lair sing biasa ketemu unggal dina, iku uga sing lagi dialami Katijah lan Jaka, ampir unggal bengi jaka *sanja* ning umae Katijah, gayung nyambut gentong rupane antara Katijan lan Jaka wis pada cocoke, Katijah ora sadar yen ketemuan karo Jaka iku bisane bengi bae, lamon diajak ketemuan awan Jaka akeh alesane ngebantu nini Santi lan aki Kamal ning sawah.

"Katijah bapak pengen ngomong karo sira,"jare kuwu Sardana ning salah sawijine dina.

"Masalah apa pak?"

"Hubungane sira karo bocah lanang sing saban bengi sanja, Jaka iku anake sapa sebenere?"

"Kang Jaka anake aki Kamal, bapak."

"Aki Kamal sing umae pinggir barongan pring?"

"Iya bapak, kita pengen kejajar pasang karo kang Jaka."

"Ya wis, mumpung masih esuk ayo meng umae aki Kamal."

Katijah senang pisan, hubungane karo Jaka direstui genang bapane, tapi sing malah kaget justru aki Kamal lan nini Santi kalawaktu kuwu Sardana nakon Jaka sing dadi anake, aki-aki lan nini iku planga-plongo ditakonoi masalah Jaka sing due hubungan karo Katijah lan maksud ketekanane kepala desa Jatisawit iku kanggo mastiaken hubungan anake.

"Aki Kamal lan nini Santi, pokoke telung dina maning Jaka kudu marek meng umae kita kanggo ngelamar Katijah."

"Tapi pak kuwu, kita ora ngerasa due anak,"jare aki Kamal.

"Uwis aja isin-isin aki Kamal, kita sekeluarga setuju Jaka nikah karo Katijah,"jare kuwu Sardana.

"Iya aki, kita suka terima karo kang Jaka,"jare Katijah nambah keder nini Santi lan aki Kamal sebab memang selawas-lawas Gusti Allah ora ngupai keturunan ning keluarga aki Kamal.

"Aduh nini priwe iki, Jaka iku sebenere sapa ya ngaku-ngaku anake kita kuh,"jare aki Kamal seuwise kuwu Sardana lan Katijah ninggalaken umahe.

"Aja-aja, Jaka iku..."

Nini Santi beli bisa nerusaken omongane, aki Kamal antuk-antuk endase sependapat rupane karo pikirane rabine iku, lan ning salah sewiji bengi aki Kamal lan nini Santi digawe kaget genang ketekan pemuda gagah ganteng sing ngaku arane Jaka lan ngaku anake aki Kamal karo nini Santi.

“Dadi sira iku jelmaane anakan buaya sing lagi cilik tek ingu kita?”

“Iya aki, arane kula Jaka Bajul.”

“Kayane wis titis warise sira kejar pasang karo anake kuwu Sardana, nang Jaka Bajul.”

“Ayo aki, nini pada meng umae kuwu Sardana kanggo ngelamar Katijah,”jare Jaka Bajul dijawab antukan nini Santi lan Aki Kamal.

Singkat cerita, akhire Jaka Bajul lan Katijah kejar pasang dadi suami istri, ning salah sewiji dina Jaka Bajul ngajak istrine Katijah meng umae, keloane kedeleng ning pinggir kali Cimanuk tapi ning pandangan Katijah kali semono amba lan santer banyune iku kedeleng kaya dalam raya kang alus, karo gandengan tangan penganten anyar iku lunga ning seduwure banyu tapi miturut pandangan Katijah lagi lunga ning dalam kang bagus, mulus lan amba, kelorone sampe ning Negarane Jaka Bajul yaiku sejerone kali Cimanuk.

**

Lawase sangang wulan jamane, urip rumah tangga Jaka Bajul lan Katijah ning Negara siluman kali Cimanuk cukup harmonis, tapi pekerjaan Jaka Bajul sing ora menentu kadang Katijah sering ditinggal ning umah dewekan, Jaka Bajul sedurunge mangkat wanti-wanti terus karo Katijah aja sampe manek meng duwur para.

“Nok Katijah, kakang arep kerja tapi inget pesen kakang aja wani-wani manek meng duwur para ya.”

“Ana apa sing kang ning duwur para kuh?”

“Ya pokoke aja bae manek meng duwur lah, melas bokot tiba sira kan lagi meteng.”jare Jaka Bajul karo ngelus-ngelus wetenge Katijah sing lagi meteng sangang wulan.

“Iya wis kang, kita janji...,” jare Katijah.

Jaka bajul mesem, seuwise ngambung batuke Katijah pemuda gagah mau miyang kerja ninggalaken Katijah ning umah dewekan, nanging arane gah menusa sing rasa penasarane luwih gede karo rasa wedi, akhire pesen lan wanti-wanti Jaka Bajul supaya aja sampe manek meng para dilanggar, Katijah ngemet anda lan alon-alon manek meng duwur para, dadak sekala pandangan Katijah dadi burem deweke ngerasa ana sing narik meng duwur lan diputer-puter, badane ngerasa atis lan teles kebes, pas sadar Katijah ana ning sepinggirane kali Cimanuk. Katijah planga-plongo langsung balik meng umae dewek karo nangis jejeritan.

Salah sewjine dina Jaka Bajul nekani umae kuwu Sardana tujuane arep mapag rabine Katijah, tapi setelah weruh sapa sejatine Jaka Bajul Katijah ora gelem digawa balik maning meng alam siluman kali Cimanuk.

“Nang Jaka Bajul, wis kudune sira nerima kenyataan.”jare kuwu Sardana.

“Iya pak kita ngerti, kanggo tetenger lamon ana masalah ning desa Jatisawit tabuhen bedug gaweane kita iki ya pak,”jare Jaka Bajul karo ngenekena bedug.

“Iya nang.”

“Ya uwis kita pamit pak.”

Kuwu Sardana cuma bisa mantuk-mantuk endase endeleng Jaka Bajul nyebut ning kali Cimanuk. Seuwise kejadian iku karena wedi sewaktu-waktu pasukan buaya anak buahe Jaka Bajul pada teka kerna ngrongkena suara bedug akhire bedug gaweane Jaka Bajul iku dikentiraken meng kali, lan sampe sekiae masjid-masjid lan tajug-tajug ning desa Jatisawit langka beduge. []

Indramayu, 2019



Biodata Penulis

Kusyoto, lahir ning Indramayu, 02 Juli 1977, anak pembarep sing mung due adi siji, awit-awit nulis sejege SMA, mulai ndueni kepengenn nulis kerna ana ide sing bapane, sing waktu semono minangka sutradara sewijine kelompok sandiwara tradisional utawa masress, bergiat di Dewan Kesenian Indramayu (DKI, komite Sastra) karya novel sing uwis diterbitkan: Laskar Kesanghyangan, penerbit Dipta lini Diva Press lan sejene, karya tulise kayadene puisi lan cerpen uwis diterbitkan ning akeh media Koran.

Alamat Penulis.

Rumah Sakit MM. INDRAMAYU. Jl. Letjen. Soeprapto. No. 292 Kelurahan Kepandean. Kec. Indramayu (Samping PDAM Indramayu)

No. HP: 081380790380.

No. Rekening: 4239.01.007726.53.9. BRI unit Tugu atas nama. KUSYOTO.



CRITA NYAMBUNG

PANGERAN CAKRABUWANA MUNGGAH HAJI

(Nukilan Saking Naskah Babad Cirebon)

déning MUHAMMAD MUKHTAR ZAEDIN

Kocapa Somadulloh leren andon salat ing jobonge kaki tuwa, sabakdane salat kaki tuwa kagiat, ngandika kaki tuwa, “He wong anom, sira sapa tinemu ing kene, lan lagi apa, lan apa sadyane?”

Ngandika Somadulloh, “Kula santri Gunungjati, Somadulloh namane, saking idining guru, katimbalan makebonan wangun deduku dinten benjing kawitanipun babad notori kajeng ageng alit, sinareng wonten idin nuhun mondok saantawis mangsa tiang tetiga kathahe.”

Ngandika kaki tuwa, “He Somadulloh, si bapa ora duwe anak atawa batur. Ing sahiki sira wong telu sun aku anak minangka sira anak ingsun, pasrah jiwa raga uga pagenahan, lan sira sun paringi nama Cakrabumi.”

Somadulloh matur sumangga, ing sapunika sampun kapupu anak sinareng sampun dugi ing mangsa enjing Ahad, lajeng lumebet ing wana, notor kajeng ageng alit samban dinten. Lamine enggenira babad kang sampun padang, lajeng kapalawija wangun kebonan.

Kaki Tuwa aningali alas padang uga katha ing palawija, langkung suka ning galih. Cakrabumi katimbalan kinen anjaring, mala pakakas pinaringan waring sudu uga jukung. Cakrabumi matur sumangga. Samban dalu maring nyaya rebon, enjing babad. Dupi palawija sakathahing wowohan sampun ingulakaken dateng tiang Palimanan uga tiang Rajagaluh. Semut dulur wong gunung kang dugi, rebon binebek kawangun tarasi, tumpang tindih kang pada tuku, mashur ing tatangga desa. Wong pagunungan akeh kang pada melu nenandur uga kebonan bari deduku. Cakrabumi suka rena ning galih reh sampun kathah tetangga tiang andon deduku, wangun makebonan dadi kang sawi tinandur.

Kocapa Kanjeng Sunan Rajagaluh miyos sewaka sagunging para bupati, sentana, mantri, uga para gegedeng sampun ing arsa.

Ngandika Sang Prabu, “He Dipati Palimanan, sahiki bawahanira tana pesisir dadi duku, akeh wong kang an-

don makebonan lan ana wong kang nyaya rebon, isun luwih katrasih bebekan rebon, supaya kapriksa kang sampe terang, lan katetepan pajeg wong kang anyaya rebon ing dalem satahun sawakul bebekan rebon kang alus, lan ana pirang cacah jiwane wong kang deduku ing pasisir!”

Ki Dipati matur, sumangga. Age-age miyos ing jawi animbali ponggawa pepitu sampun cahos ing arsa. Ki Dipati ngandika, “He Ponggawa Pitu, sahiki priksanen deduku anyar kang pinggir pesisir, ana pira caca jiwane lan wong kang anyaya rebon katetepan pajeg ing dalem setahun sawakul rebon kang wis alus. Priksanen kang sampe terang, reh Sang Prabu lewih katrasih ing bebekan rebon kang wis gelondongan!”

Ki Mantri matur, sumangga. Age-age mire sing ayunan, terus lampahira Mantri Pitu anjujug ing pasisir.

Kocapa Ki Cakrabumi sinareng kang garwa uga kang rayi lagiya bebek rebon ing lumpang watu, sesek jubel wong kang ngulak rebon pengen rebut dinginan, tumpang matumpang, wong gunung pating carotet: “Uga-age garagalna! geura bebek!” Dadi mashur tanah Grage.

Ora pati suwe, nuli praptanira utusan Palimanan, Mantri Pitu, amriksani deduku anyar, sampun wonten caca jiwa 48. Ki Cakrabumi sampun pinanggih ingarsanira utusan Mantri Pitu.

Ngucap Ki Mantri, “He tukang nyaya rebon, awake saking dawuhe gusti kapuri nyahos samban tahun bebekan rebon sawakul, reh gusti lewih traasih lan sun arani bebekan rebon iki *Trasi* arane, sarehing Gusti Kanjeng Sunan Rajagaluh luwih saking *trasih* lan jaluk katrangan iku *Trasi*.”

Cakrabumi matur, “Sumangga, dupi nyayaipun waring, samban dalu nyudu, enjingipun rebon kasareman, saantawis lajeng kaperes, sampun ning kaperes lajeng kapepe, sampun ning garing lajeng kabebek dipun gelondongi. Mekaten dupi nyayanipun rebon kaolahan malih dipun bungboni kagodog toyanipun langkung eca.”

Ki Mantri ngandika, “Coba, kepengen weruh rasane *cai rebon* iku.”

Cakrabumi sigra nimbali kang garwa kinen ngulahan *cai rebon*, sesampun ning mateng lajeng kasuguhaken. Ki Mantri Pipitu sami dahar sarwi guneman, “*Cai rebon* luwih enak tinimbang gragale.”

Ki Mantri anyohoraken, tiang alit kathah kang sami tumbas sarehing *cai rebon* langkung eca. Dadi ya mashur duku Cirebon rikala tahun babad 1304 (1382 M), sinareng tahun punika ugi Ki Mantri ngempalaken tiang saduku, yaiku kangge pikuwat tiang sapaadukon. Saking rempacing tiang kathah, Kaki Tuwa Pengalang-ngalang kang dadi pikuwate wong saduku. Ki Mantri anetepaken Ki Pangalang-ngalang kang dadi kuwu ing duku Cirebon. Sasampuning rampung, Ki Mantri lajeng wangsul aturan maring Ki Dipati Palimanan.

Kocapa Ki Pangalang-ngalang sampun misuhur

Kuwu Cirebon. Antawis lami wonten sawiji santri mampir ing arsanira Ki Kuwu. Matur santri Gunungjati titipaken sawijine kempek krana bade sowan dateng Ki Seh Nurjati. Kempek tinaman sampun. Ki Santri terus lampahira. Lajeng Ki Kuwu animbali kang putri Rarasantang, “Bayi, iki kempek rawatana kang primpen. Ana wong titip, santri Gunungjati.

Kempek sampun tinampi. Rarasantang lumebet ing jobonge, lajeng kempek kabuka wonten sawiji cupu ijo kang isi banyu. Rarasantang lajeng kauyup banyu kang cahya kang saising cupu. Sasampuning telas toya cupu, lajeng katutup malih, nuli rinawatan.

Kocapa Ki Pangalang-ngalang kang lagi tilem, saantawis lajeng ngimpi kapanggih kalih Jeng Nabi Muhammad SAW amejang Sahadat Mutakhirah. Sampuning tamat, Jeng Nabi Muhammad SAW ngandika, “He Ki Pangalang-ngalang, kempek kang isi Tirta Nur supaya gawanen cahos. Sahiki ingsun pengen weruh isine.”

Ki Pangalang-ngalang inget kempek titipane santri, gage nglilir gurayanan, guragapan. Enggal kang putri Rarasantang cinelukan, “He bayi, kempek titipaneng santri isine cupu Tirta Nur. Sahiki kapundut dening Kangjeng Nabi Muhammad, lan isun uga kawuruk Sahadat Mutakhirah.”

Kang putri matur, “Inggih kempek isi cupu Tirta Nur, ananging punika cupu isinipun sampun kula tedi munggi kahuninganipun.”

Ki Kuwu Pangalang-ngalang langkung kaku bisu, wedi ing Rasulullah uga santri kang gadah kempek, gemboran nangis galasahan nganti nganglu sanget. Antawis lami, Ki Kuwu Pangalang-ngalang wapat. Cakrabumi angempalaken saguninging tangga niat kasucekaken punapa adat cara Islam. Dupi para tetangga sanunggal tan purun, caket amargi nganggo cara Islam. Cakrabumi ngumumaken ing sekabeh para tetangga, “Sapa-sapa kang gelem melu ngurusu uga ngeduk pakuburan kaganjar siji wong duit *sabaru* lan sega sabuntel iwake sapepes.”

Gage bae para tetangga kabeh tumandang nurut printahe Cakrabumi krana wonten ganjaranipun. Kalaksanan layone Ki Kuwu Pangalang-ngalang sinalataken. Sabadane, lajeng kakubur, ananging layone ical tanpa krana amung tinggal gandane kang langkung wangi. Wong Budha para tetangga langkung takjub ningali layone Ki Kuwu kang manjing Islam. Cakrabumi nuli ngumumaken, “Sapa-sapa wong mati Islam, pinasti kaya iku. Luwih sampurna patine, sanadyan kang melu rerewang yakti olih berkah tabaruke wong mati Islam.”

Dadine para tetangga kang sami Buda sami manjing Islam, melu sarengate Jeng Nabi Muhammad SAW. Sabakdane kubur, para tetangga di aturi dahar sadaya makempelan, sakalangkung nurut tiang katha sami guneman dadi pikuwating wong saduku Cirebon. Dupi saking rempuge tiang katha, Ki Cakrabumi katetepaken jumeneng Kuwu Cirebon rikala tahun babad 1305.

Cakrabumi sampun misuhur kuwu Cirebon kasebat nami Cakrabuana. Tiang saduku Cirebon sampun Islam sadaya. Ki Kuwu langkung sukaning galih. Deduku sampun wiyar. Sigra nimbali kang garwa uga kang rayi sami chaos dateng ingkang guru ki Seh Nurjati. Prapta sampun ingarsanira sang guru ngaturi pangabakti.

Seh Nurjati ngandika, “Somadulloh, sarehing awake wis kalaksanan wangun daduku, sahiki kang den arani duku Cirebon lan wong wis akeh kang pada nurut anglakoni agama Islam, ing akhir dadi nagara gede lan dadi pakumpulaning para wali. Sahiki sira lan adinira geguruwa maring Seh Molana Ibrahim ning nagara Cempa. Poma, sapakoning guru lakonana.”

Cakrabuana matur, sumangga. Age-age nuhun pamit terus lampahira anjujug ing nagara Cempa, sampun dugi ing arsanira Seh Molana Ibrahim. Ki Seh sigra ngandika, “He wong anom, sira sapa dugi ing arsanisun, lan sejanira apa?”

Matur Cakrabuana, “Inggih, amba santri Gunungjati, Cakrabuana kang nami, Rarasantang adi kula, perlu amba nuhun bengat tabarak Jeng Molana.”

Ki Seh sampun anampi, nuli sampun winulang sakabeh tarekat. Antawis sapendak dinten, Cakrabuana sinareng kang rayi kapuri mungguh haji sinareng kabaktan serat kangge katitipaken dateng Seh Bayan uga Seh Abdullah ing tanah Mekah. Cakrabuana manut pekoning guru. Nuli ya nuhun pamit, terus lampahira nyabrang sinareng kang rayi anjujug nagara Mekah. Tan antara lami, prapta sampun ingarsanira Seh Bayan uga Seh Abdullah pinaringaken serat saking ingkang guru Molana Ibrahim sampun tinampani, Ki Seh Bayan langkung sukaning galih. Cakrabuana uga Rarasantang winejang ilmu sarengat, tarekat, hakekat, uga makripat. Cakrabuana sinareng kang rayi angrahos seneng manggen ing tanah Mekah. Enjing sonten mahos Quran uga kitab.

Kocapa ing nagara Banisarail, Kangjeng Sultan Molana Hut pinuju kaseba saguning para wadya, patih, pangulu, bupati, sentana, uga mantri. Sekabeh kempel ingayunan sang prabu. Lami genira susah ati sawapate kang garwa, nuhun sih kanugrahaning Allah. Siang dalu anjungkung puja ambeningaken cipta. Tan antara lami wonten wangsit kang satuhu, “jodonira sahiki ana ing tanah Mekah.” Sang Prabu inget ing wangsit, sigra Kiana Patih Jamalulel tinimbalan.

Ngandika Sang Prabu, “He pati, sahiki waktu haji sira tumindaka ing Mekah, luruwa wong wadon kang pantes kanggo prameswari. Oliha kaya gustinira kang wis langka. Den gelis sira mangkat. Gawaha wadya patang puluh lan sun paringi pesangon 2000 ringgit.”

Kiyana Patih matur, sumangga. Sampun mundur saking ayunan, terus lampahira, sinareng wadya kawandasa numpak prahu lelayaran. Tan antara lami prapta ing Jidrah, Ki Pati sabature sedaya mungguh, terus lampahira anjujuga ing Mekah, kaleresan waktu haji lanang wadong sami kumpul ing Baetullah. Ki Pati

sabature milet haji. Tan anantara lami bubarani haji, Ki Pati ningali sawiji wadon kang langkung ayu pinunjul wong sanagara, kinintilan lampahing pinanggih ing dalem Ki Seh Bayan.

Ngandika Kiyana Pati, “He Seh Bayan, iku santri wadon kang pinunjul rupane saking negara endi, lan putrane sapa? Reh anyerupani permaisuri Banisarail kang wis wapat.”

Ngandika Ki Seh Bayan, “Punika santri wadon, putra nata ing Pajajaran, tiang nusa Jawi, Rarasantang namine, adine Cakrabuana. Perlune ngahos uga netepi parduning haji.”

Ngandika Ki Patih, “Menawa dadi sukaning gali, saharempuge ahline, iku santri Jawa bakal kapundut maring Kanjeng Sultan, supaya dina iki bareng salaku lawan ingsun tumindak ing Banisarail sarehing wis lebaran waktu haji.”

Ki Seh Bayan ngandika, “He bayi Rarasantang, nuruta sakarepe Ki Pati, ning kono bakal tinemu lan jodonira. Elinga waktu ing pangimpen winangsit, jodonira Ratu Islam. Cakrabuana, poma sira aja wangle, derek sakarsane Ki Pati.”

Cakrabuana uga Rarasantang manut dawuhing guru. Sigra anderek sakarsane Ki Patih. Ki Patih langkung suka ning galih sarehing pikantuk karya, treus lampahira numpak prahu lelayaran, prapta sampun ing praja Banisarail. Putra sakalihe kapernahaken datang Ki Pengulu Jamaluddin.

Antara dinten, Sang Prabu sewaka kempel saguning para wadya, Ki Pati sinareng Ki Pengulu sampun ingarsa. Ngandika Jeng Sultan, “He Patih Jamalulail, duk dingin sira sun utus olih karya apa ora?”

Matur Kiyana Pati, “Tambaruk, dalem pikantuk anyeplaki garwa tuwan kang sampun wapat, Rarasantang namine, putra nata Pajajaran ing nusa Jawa sinareng kadange sepah Kaki Cakrabuana. Pinanggih ing griyane Seh Bayan ing tanah Meka bakdane haji. Dupi sapunika kebakta kapernahaken dateng Pengulu Jamaluddin.”

Ngandika Sang Prabu, “He Pengulu, den gelis putri Jawa ken cahos ing Masjid Tursina sadaya sun tarihe pribadi.”

Ki Penguluge gegancangan bakta putra Jawa sakalinya ing masjid gunung Tursina. Sampun sadaya prapti Jeng Sultan aningali putri Jawa sakalangkung pinuju saemper yen kang garwa rumihin. Sigra sang putri pinerpaken.

Ngandika Sang Prabu, “He putri Jawa, namanira sapa lan kadangira lanang?”

“Amba nami Rarasantang, kadang kula tua nami Haji Abdullah Iman.”

Sang Prabu ngandika, “He Haji Abdullah Iman, sarehing manira kapitujon maring adinira Rarasantang, sahiki sun jaluk kanggo permaisuri.”

Ngandika Jeng Pangeran Cakrabuwana, “Duh Gusti, ngejawu lumiring karsa, ameng menggah katharos

pribadi, sarehing rayi Rarasantang sampun baleg.”

Ngandika Sang Prabu, “He Rarasantang, priyoga apa ora yen dadiya prameswari Banirail, tur ing sira bakal dadi mustikaning kadaton.”

Matur Sang Rarasantang, “Sakalangkung priyoga dawuh dalem, yen ambukteni kagungan putra jaler waliyullah kang pinujul sabuana, amba lumiring karsa.”

Jeng Sultan angleking manah, sakedep tan kangkat ngandika. Sigra anengingaken cipta anjungkung puja, tan dangu wonten weling kang satuhu, pinasti iku wadon jodohnira lan duwe anak lanang waliyullah pinujul sabuwana. Jeng Sultan lega ing manah, sigra ngandika, “Rarasantang, insaallah, sinembadan saking sedyanira, manira muji sukur maring Allah.”

Jeng Sultan sampun rampung badamihe Dewi Rarasantang, malah sinahuran ketug lindu geter pater, gunung Tursina antos obah tanda sinembadan sedyane Jeng Suthan amerengi tahun babad 1307. Sampun rampung genira bedami, lajeng animbali Ki Pangulu sakahume sarehing Jeng Sultan bade nikah. Ki Pangulu sukaning galih, Kiyen Patih sukan-sukan sawadya sami kempel. Cakrabuwana sigra sampun nikahaken Jeng Suthan. Dupi sabakdane nikah, Jeng Suthan kondur sinareng bakta garwa putri Jawa. Sabakdane ing kadaton Jeng Sultan sewaka animbali kang kadang Haji Abdullah Iman kang kadang iya sampun ingarsa.

Ngandika Jeng Sultan, “He Raka Abdullah Iman, punika destar mugi raka tampi pusaka saking Jeng Rasulullah tigang dasa depa, sinareng malih kawuningane raka uga parawadyanisun. Sahiki Dewi Rarasantang kapinda nami Saripah Mudaim.”

Haji Abdullah Iman matur kasuhun sinareng dastar sampun tinampi. Haji Abdullah Iman sampun antara sampinda nahun, dupi kang rayi Saripah Mudaim sampun wawarat tigang sasih. Cakrabuwana lajeng nuhun pamit wangsul ing Jawa. Jeng Sultan anglilani sinareng maringi pesangon 1000 dirham.


Abdullah Iman sigra wangsul lunta lampahira mampir ing tanah Meka anjujug maring kang guru Seh Bayan uga Seh Abdullah. Sampun lami pinanggih Abdullah Iman ngaturi uninga sarehing kang rayi Rarasantang sampun kagarwa dateng Jeng Sultan Banisrael, saha nuhun idin bade wangsul ing Jawa, Ki Seh Bayan maringi jenengan Bayanullah, sarehing Seh Abdullah waktu rumihin sampun maringi nami Abdullah Iman.

Cakrabuwana matur kasuhun, sigra nuhun pamit. Lunta sampun lampahira mampir ing Jeng Sultan Ace. Antara sawulan Bayanullah wangsul mampir ing Palembang.

Antara tigang sasi Bayanullah wangsul angjujug ing Gunungjati, prapti sampun ing desa Cirebon. Saguning tiang sadesa Cirebon sami kempel binga-binga nulya netepi duking wahu.

Kocapa ing negara Banisrael Jeng Sultan Hut sinareng kang garwa Saripah Mudaim sampun waweratane pitung sasi, kesa jiarah ing Madinah uga jiarah ing Meka. Sigra sampun tumindak ingiring wadya kalih nambang niti kapal lelayaran prapti sampun ing Jidah. Nuli minggu terus ing praja Meka lunta ing Madinah prapti sampun ing kubure Jeng Rasulullah. Sasampun jiarah nulya wangsul malih ing tanah Meka. Dupi antawis dinten pinujuh sasih Mulud tanggal rolas bakda Subuh, Saripah Mudaim ambabaraken miyos jaler priyayi langkung pekik cahyane nyuremaken padange surya. Jeng Sultan langkung binga, nulya binakta tawap ing Betullah rinubung saguning para ulama para mukminin pinaringan nami Sarip Hidayatullah amarangi tahun babad 1308. Antara sawidak dinten, Jeng Sultan kondur sargawa putra uga prawadya prapti sampun ing nagara Banisrael. Antara tahun Saripah Mudaim wawarat malih sampun dugi ing mangsa lajeng babar miyos jaler pinaringan nami Sarip Nurullah rikala babad 1310. Tan antara tahun, Jeng Sultan Hut wapat, sawapate Jeng Sultan, Patih Jamalulel kang amolmaki sapraja Banisrael.

Kocapa Ki Kuwu Cirebon Haji Abdullah Iman kang garwa dewi Indang Ayu sampun babaraken miyos estri kaparingan nami Ratu Mas Pakungwati. Nulya Ki Kuwu wangun padaleman keraton ugi taksi tahun babad 1312, kasebat keraton Pakungwati. Antawis nahun Indang Ayu wawarat malih sampun dugi ing mangsa lajeng babar miyos jaler kaparingan nami Pangeran Cirebon amarengi babad 1314. Dupi Ki Kuwu Cakrabuwana sasampuning wangun keraton Pakungwati kasebat nami Sri Mangana.



Puisi-puisi **NUR SA'ADAH**

LAWANG TOBAT

Isun ibarat arca watu
Kaku lan beku
Bengén kula seneng ngurat
Mimpi kang ngoréng, sekarat

Nangis képendem jero sanget
Ngeratap teng dosa lan rasa sesalah
Kang mboten mandeg
Nyuwun kang kuasa ngebuka lawang tobat

SAWIJINÉ CERITA

Dinten tinemu dinten
Wulan tinemu wulan
Taun tinemu taun
Kabeh sampun keléwat

Daluh laka tekaé sampéyan
Dinten keléwat
Detik ketemu detik keléwat
Arepkah kabeané kaya bengen

Kari angan kang kien dirasakakén
Bayang semu sing ngiasi bengi
Laka setunggilpun sing ngiasi bengi benake kula
Sekien kula lan sampeyan

PISAAN

Ora krasa
Waktos muter gelis sanget
Mboten bisa diulang malih
Mungkin...kang diarani urip

Kadang kita mbuka
Mbésuk embén
Kula lan sampéyan bakal nutup
Inget....kabéh mboten sekedar kenangan

Mboten malih kanggé lamunan
Bengen kula lan sampéyan sareng-sareng
Sekien waktose pisaan
Kula lan sampéyan perna sareng-sareng

Ngeléwati éwuan dalam
Sawernané rintangan
Nanging kula lan sampéyan sampun weru
Mboten saterusé dados setunggil

Nempuh dalam urip
Inkang kemawuran awu mawur-mawur
Godong-godong kang mboten kesapuh

Cinung, utawi kang gadahi wasta Nur Sa'adah. Lare Dusun Ujungsemi Kec. Kaliwedi Kab. Cirebon, Santri teng Sketsa Pribumi Foundation, melebet Divisi Basa lan Sastra. Sinau teng SMAN1 Gegecik.



Puisi-puisi SITI ELIZA

ÉSUK

Ésuk

Tulung sampéaken dumateng si kakang
Perkawis impen mau bengi
Kuwayang képéngén den ulang

Ésuk

Tulung den mirengaken kaliyan si kakang
Perkawis dalu péngén teras tek tunggu
Kanggé gambar bayang-bayang raié si kakang
Teng jero ati kula

Ésuk

Sampéaken ning si kakang, kuwayang sun réla
Dados wanodya kang tilem ing jero atimu
Kéranten daluh niku ngerti yén bayang-bayang kakang
urip ing ati
Kula sun baturi

Ésuk

Bisikaken . Yén kula yaniku wadon ingkang setia
Nunggoni balik
Sanajan isun sempet mati suri

Cirebon, 02 agustus2018

KELANGON I

Kangge Yayu

Kelangon mboten didamel saking jarak
Nanging saking perasaan
Mungkin kangge sebagian tiyang mboten percaya
Nanging mekoten sing saestune

Sampéyan ngelangonaken
Sanes kéranten sampéan adoh
Nanging kéranten kelangon
Sampun keket teng jero ati

Leresépun

Kelangon diduwéni dening unggal menusa
Mungniku
Kadang tiyang pinter ngumpetnaé

Cerbon, 27,oktober 2018

REMA JINGGA

Perkawis kelangon puniki
Ngumbaraken sonten kukud ing mangsaé
Nitipna kelangon teng serngéngé
Sing kelelep ning jeroé rerangkalan béngi

Perkawis kelangon puniki
Sing mboten perna déntambani
Teng salah sawijiné tetemonan
Teng jero kenyataan


Perkawis kelangon puniki
Sing tek cobu di genténi dening sengit
Kelawan alesan dén gemuyui manuk
Sebab kula sering ngerenung

Kula nyobi kuat kanggé nahan kelangon
Nanging kenyataan kula ketuwon
Ngelawan kelangon
Sebab ora ketunggon

Perkawis kelangon puniki
Ngumbaraken sonten kukud
Dén rawati rapi
Lir kadya rema jingga

Cirebon, 25 oktober 2018

Siti Eliza, nyantri teng Sketsa Pribumi Foundation mi-
nangka Jertulis Divisi Basa lan Sastra teng riku. Siswi teng
SMAN 1 Gegecik lan uga Atlit Seni teng Perguruan Silat
Merpati Putih.



MITOS SASI SAFARI

dèning **NURDIN M.NOER**

Ketua Lembaga Basa lan Sastra Cerbon (LBSC)

Mitos, miturut KBBI (2008) dipun tafsiraken sareng crita perkawis dewa-dewa ingkang wonten pautanè sareng macem-macem kekiyatan gaib. Mitos uga ngrupiyaken perkawis asal-usul semesta alam utawi sawiji bangsa ingkang ngandung perkawis-perkawis ingkang ajaib. Mitos, miturut kalangan tiyang pinter boten saged dipun dadosaken dasar kanggè penitènan perkawis kailmuwan.

Teng sasi Safar, miturut penanggalan hijriyah ngrupiyakan sasi kaping kalih, sesampunè sasi Muharram. Boten wonten contoh amalan ingkang dipun lakukan dèning Kanjeng Rasulullah saw teng sasi niki, kadosdènè teng sasi-sasi sanèsè. Mung mawon, sasi niki miturut anggèpan rayat awam nggadahi watek ingkang unik lan kebek sareng mitos, saèngga nimbulaken rasa penasaran kanggè tiyang-tiyang ingkang dèrèng nyumerepi. Katah tradisi utawi kapercayan leluhur ingkang nganti wayah saniki maksih dipun langgengaken ingkang dipun pautaken sareng pinten-pinten kedadosan ingkang lair teng sasi niki. Cekap katah ingkang kedah dipun kaji perkawis tradisi ingkang selami niki dipun lakukaken dèning masyarakat ingkang mekoten konsistèn mertahanaken budaya lan kapercayan ingkang dipun warisaken leluhur teng wayah sengiyèn.

Mitos dinten apes

Miturut kapercayan sebagian masyarakat, sipat sasi Safar badè sami sareng sasi sedèrèngè ingkang ngrupiyaken kelajengan saking sasi Syura (Muharram). Sasi Safar dipun yakini kebek sareng bala, malapetaka lan keapesan. Katahè masyarakat Jawa kebet Cerbon nganti saniki maksih mercayani, yèn sasi niki dipun kebeki perkawis-perkawis ingkang sifatè boten nguntungaken.

Boten tiyang Jawa mawon tamtunè, bangsa-bangsa sanès teng pinten-pinten sigaran jagat uga maksih nganggep sami dumateng sasi niki. Kadosdènè bangsa Yunani kuno, ingkang sampun nganggep sasi Safar ngrupiyaken sasi ingkang sacara mitos minangka sasi apes ingkang boten saè kanggè nglakoni pinten-pinten aktivitas, saèngga rayat nunda utawi nyepetaken. Bangsa Arab uga nganggep mekoten, sasi niki sipun juluki kelayan istilah *dahbar* (dinten kancuran lan karusakan).

Amargi teng zaman peradaban kawitan, bangsa Arab sampun wonten kedadosan-kedadosan apes teng



dinten Rebo teng sasi niki, kadosdènè diancurakenè kaum 'Aad, kaum Tsamud lan kèremè Raja Fir'aun nalika zaman Nabi Musa a.s. Masyarakat Jawa (cerbon) ingkang nggadahi aliran kejawèn, nganggep dinten Rebo Legi teng sasi Safar dipun anggep minangka dinten ingkang boten saè, saèngga boten angsal lelungan, lan dinten Rebo Pahing ingkang dipun percanten *dina taliwangkè*, yaniku dinten ingkang kedahè disirik (dihindari).

Teng kalangan umat Islam piyambek maksih dipun yakini, yèn keapesan sasi niki dipun sebabaken, amargi Al-Quran nyinggung perkawis dinten apes, kadosdènè sampun dipun sebutaken teng lebet **QS Fushilat ayat 16, QS. Al-Haaqah ayat 7 dan QS Al-Qamar ayat 19.**

Para mufasir (ahli tafsir hadits) katah nafsiraken, yèn dinten Rebo ingkang dipun dasaraken hadis mauquf riwayat Thabrani ngrupiyaken dinten apes. Selajengè dipun tegesaken sareng wontenè sabda Rasulullah saw ingkang uninè, "*Sinten mawon ingkang nyukani kabar nyenengaken ming ingsun perkawis sampun kliwatè (sa-*

si) *Safar, isun badè nyukani, kabar ingkang nyenengaken perkawis suwarga ingkang bakal dipun lebeti.*

Sanajan setralapan saged dipun maknani, yèn Rasulullah uga boten nyenengi sasi Safar amargi keapesan, nanging seleresè makna hadis wau sanès kados niku. Miturut riwayat ingkang sanès, Rasulullah negesaken kados punika amargi dipun sumerepi dèning Allah swt, yèn piyambekè bakal dipun timbali dèning Allah swt teng sasi sesampunè, yaniku Rabiulawal. Kanggè niku, Rasulullah nyukani sumerepan, yèn piyambekè nunggu duginipun sasi Rabiulawal sasi ingkang dipun tunggu-tunggu kaberkahanè sareng dipun temokaken sareng Allah swt ngliwati prantara kepatèn.

Dados, seleresè sampun wonten pemahaman perkawis dinten apes teng sebagian ageng masyarakat teng sedanten jagat. Kebuktos sareng ngembangè itungan sinten minangka angsal kauntungan, teng kosmologi kejawèn, Arab lan bangsa Maya. Mung mawon, katah kedadosan penyimpangan perilaku teng lebet ingkang ngarah teng kesyirikan lan nampikaken takdir saking Gusti Allah taala. Lan boten arang sebagian tiyang mercayani, yèn dinten niku nggadahi roh, gadah kekiyatan lan gadah prabawa piyambek ingkang nggadahi dhampak teng kaowahan kawontenan teng dinten niku. Perkawis niki ingkang saged nggoyangaken aqidah umat, saèngga kedah dipun lempengaken.

Rebo *wekasan* (julukan masyarakat Cirebon Jawa Timur), *Rebo Pungkasan* (sebutan Yogya lan Jawa Tengah), lan *Rebo Kasan* (sebutan Sunda Banten) ngrupiyaken sebutan kanggè dinten Rebo minggu kapingpat teng sasi Sa-far. Rebo ngrupiyaken dinten kaping tiga teng lebet pitung dina wayah seminggu. Sedeng *wekasan* ngrupiyaken sebutan ingkang asalè saking oyod tembung saking *wekas* ingkang tegesè “pesen” utawi “wanti-wanti”. Selajengè sebutan pungkasan asalipun saking oyod tembung saking pungkas ingkang tegesè “akir”. Inggih pungkasan, kasan ngrupiyaken tembung ingkang asalipun sakingkalih julukan wau kelayan ngicalaken suku-tembung teng ajenganè.

Mitos Syèkh Lemahabang

Bumi Cerbon gonjang-ganjing, nalika Syéh Siti Jenar utami kang kawentar uga sareng julukan “Syekh Lemahabang”. Wayah saniku ngrupiyaken undagan awal (kawitan) penyebaran agama Islam kintan-kinten abad kaping-15. Tamtu mawon, mangsa ingkang dianggep rawan amargi maksih katah gangguan saking lebet utawi saking jawi kubengan para sunan (wali).

Nanging teng mangsa ingkang dérèng mapan punika, dumugi sawiji wali saking nagari Baghdhad (Irak) kang wastané “Syekh Siti Jenar”. Wali kang kelebet kaping sedasa wau ngajarakaen élmu mistik ingkang kawentar sareng ajaran “manunggaling kawula gusti” (nunggalaken kula/manungsa sareng Pengéran). Ajaran punika dianggep para wali sanésé boten cocog, malah dianggep liwar (nyimpang) saking kaidah-kaidah syar'i

ingkang didawuhaken déning para wali.

Pungkasané Syéh Lemahabang utawi Syéh Jabaranta dipun adili teng mesigit Agung Sang Ciptarasa. Pancén wonten sawala (bénten pandangan) antawis Syéh Lemahabang sareng Sunan Kalijaga, sedeng ingkang dados jaksa, yaniku Sunan Kudus lan Sunan Giri. Sedanten ki gedeng, buyut, pinangéran lan para penggedé sanésé, sarta para pemilet mazhab Safii lan Hanafi mélet nyaksikaken lampoon (debat, pen) wau. Sawala ingkang boten wonten pugasé nyebabaken kawontenan “panas” lan pangucapan ingkang medal, utamané saking cangkemé Syéh Lemahabang sanget kasar lan dados para wali murka.

Kalih santri Syéh Lemahabang ujug-ujug nyerang Sunan Kalijaga lan Sunan Giri, nanging sederéngé saged merlayakaken kalih wali wau, pasukan jagabaya langkung rumiyin nangek para santri Jabaranta wau. Dhampaké Sunan Gunung Jati ingkang tumindak minangka hakim teng ampon wau mutusaken pidana laya (mati) kanggé Syéh Lemahabang. Kanggé plaksananénipun dipun lakukaken déning Sunan Kudus.

Syéh Lemahabang dibengket, lajeng dibakta teng pekarangan mesigit. Teng riku piyambeké dipancung lan mayidé dimakamaken teng Kampung Kemlaten. Para pemilet mazhab Syiah ingkang dados santri Syéh Lemahabang dipun bebasaken lan umumé dados pemilet Syéh Syarif Hidayatullah, minangka pemilet mazhab Syafii. Kedadosan wau keleresan rigél teng dinten “Rebo wekasan sasi Shafar”.

Teng Kitab Pustaka Nagarakretabhumi disebataken (alihbasa Indonesia, Tien Wartini, 2008),: “i sedeng ki kebo kenanga hana ta sisya nira syéh lemah abang / juga syéh lemah abang pinejah[h]an dé nira sunan kudus / apaan injuan dénira sultan demak radén patah / kālāntara ri kala radén tranggono duma di sultan demak / adiwijaya ya ta jaka tingkir nga ran nira dumadi sénapati wadyabala demak //

Tegesesisipun: Sedeng Ki Kebo Kenanga, yaniku santrinipun Syeh Lemah Abang, uga Syeh Lemah Abang diperlayakaken déning Sunan Kudus ingkang sampun disepakati déning Sultan Demak Raden Patah. Mangsa saniku Raden Trenggono linggih dados Sultan Demak, Adiwijaya (Jaka Tingkir) linggih dados senapati wadyabala Demak.

Milaniku, miturut Begawan Askadi Sastra Suganda, dinten Rebo wekasan wau dipréngeti kelayan sodaqoh apem lan bebersih teng Kali Kriyan Cirebon. Lan para santri Syéh Siti Jenar wau sesampunè dipun ampura sedanten kesawonanè selajengé dipun tempataken teng sawiji wewengkon kang dipun wastani lan “Pengampon” (pengampunan) ingkang saniki dados sawiji kampung teng bang lér Keraton Kasepuhan. Sedeng panggonan piwulangan syariat para santri Syéh Siti Jenar disebut “Kesunéyan” kang tegesé “kesunyian utawi pengasingan.”(saking pinten-pinten sumber ingkang diolah penyerat)***

NELAYAN ORA OLIH MANGAN IWAK CUCUT

dèning NURHATA
Juru Tulis Manassa Cabang Cerbon

Urip dadi wong nelayan kudu akéh sukurané. Salah sewiji kang kudu disyukuri yaiku ketunggon ning segala macem iwak, kaya iwak loang, bangbangan, utik, manyung, layang, bentong, banyar, sukan, lan péték. Séjéné iwak (jaré wong nelayan) iku kepiting, rajungan, kreta, blekutak, lan sontong. Saking seringé mangan iwak, wong nelayan bisa mbédaaken rasané macem-macem iwak.

Wong Indonesia kabéhané gah kudu nyukuri yén ning negara kien masih akéh wong luruh iwak, masih gelem dadi nelayan, bagén nasibé akéh sing mlarat. Sebab, nelayan iki kang nyediaaken *protein* nggo *negeri* sampé jumlahé gedhé pisan. Lamon ngandalake *protein hewani* sing susu ora bakal cukup lan regané larang.

Mung ana sewiji iwak kang ora olih dipangan, arané Iwak Cucut. Ana pendapat, Iwak Cucut iku sejenis Iwak Hiu. Jaré kandané wong nelayan, iwak kien biasa nyankol ning jaring.

Sebabé ora olih dipangan karna ana wong kang pernah ditulungi ning Iwak Cucut. Crita kien toli nyebar ning warga nelayan. Kula dhéwék pernah dicritani, mung rada samar-samar. Asalé wis lawas jamané, kira-kira taun rongéwuan (*tahun 2000*). Kang crita arané Mang Lucu. Kula beli weruh aran asliné sapa. Wong-wong pada mbeluké Mang Lucu. Dadi kula mélu-méluan baé. Kula gah ora weruh arané sapa kang pernah ditulung ning Iwak Cucut. Tapi, supaya gampang, wong kang pernah ditulung Iwak Cucut tek arani Mang Darkum baé.

Mang Lucu iku putuné Mang Darkum. Mang Lucu olih crita kien langsung sing bapa tuané. Dadi, ibaraté, kula iki ana ning lapisan ketelu: Lapisan pertama Mang Darkum, lapisan kelo ro Mang Lucu, lapisan ketelu kula dhéwék.

Crita Numpak Iwak Cucut

Ning Desa Dadap Dermayu, Mang Darkum sabèn dina pegawéané mekaya ning tengah-tengah laut, nggo ngempani (*menafkahi*) keluargané. Arané nelayan, mati uripé digantungaken ning segara. Ombak gedhé atawa cilik tetep kudu miyang. Ora miyang, ora mangan. Baka lagi kabèran petengan (bulan gelap) iku olih akéh iwak. Tapi baka padang wulanan (*terang bulan*), iwak angel diluruhé.



Kadang-kadang Mang Darkum miyang Nggemplo lan kadang-kadang miyang Ngarad. Jaré wong Dermayu, sing diarani Nggemplo iku luruh iwak nggo prau cilik, biasané mangkat wayah ésuk, kira-kira jam telu ésuk atawa arep Subuh. Sing miyang kira-kira wong sepuluh. Ari kang diarani Ngarad, iku luruh iwak ning wayah ésuk, biasané masih parek karo kisik, ora adoh-adoh pisan. Sing miyang luwih stitik, kadang-kadang dhéwékan, kadang-kadang wong loro atawa telu.

Ning sewijiné dina, Mang Darkum miyang Ngarad. Sedina sedurungé miyang, ning wayah soré, Mang Darkum nggidang tanggané. Sebut baé arané Mang Karman lan Mang Darto. Wis biasa wong loro kuen mélu nyimbat (*ikut melaut*).

Wayah ésuké, Mang Darkum karo Mang Darto mangkat bareng. Wong loro kuen ésuk-ésuk wis ana ning

kisik. Mang Karman nyusul ning guri, karna tanginé keawanan (babang).

Jagat masih adem nyes. Embun masih jelas kedeleng, ngemuli ijo godong-godong katang. Segara masih tenang kaya balong. Ombak pyuk-pyuk cilik.

Mesin dijedug ning Mang Karman. Ketelu wong iku mangkat, miyang Ngarad. Suara otok-otok mesin prau ngiringi perjalanan. Ning tengah-tengah laut papasan karo prau-prau séjén. Suara otok-otok prau kaya bebelukan (*bersahutan*). Alon-alon, sorot sréngéngé mulai mrémbét télép-télép. Prau nambah adoh karo kisik. Daratan dadi kedeleng samar-samar. Sing masih kedeleng jelas cuma borboran (Pertamina).

Ning perjalanan, langka tanda apa-apa, kedeleng biasa kaya dina-dina sedurungé. Ombak setengah meter dadi tontonan sedina-dina, dianggep cilik. Mang Darkum, Mang Karman, lan Mang Darto, rasané seneng pisan, sebab weruh yén dina kuen lagi jagat petengan, mesti akéh iwak. Ning adengan mata, iwak gedhé-gedhé kedeleng pating slurug.

Ngrasa posisiné wis pas, mesin prau dipaténi. Mandeg. Terus langsung tawur (*menyebarkan jaring*). Karna jaringé amba pisan, dadi tawuré radaan suwé. Jaring terus ditunggu kira-kira limang jam. Ora suwé, ning jaring pating crangkol macem-macem iwak. Ana rajungan lan sontong kedik. Wong telu kuen terus narik jaring. Jaring ditarik alon-alon, bari nyopoti iwak. Iwak kang cilik dianjingaken ning blong lan busa, sing gedhé dianjingaken ning pétak (peti).

Ora mikir suwé-suwé, karna lagi akéh iwak, langsung tawur maning. Kasilé lebih akéh. Malahan nembé olih rong tawuran, peti karo blong arepan kebek. Wong telu ketungkul iwak. Senengé beli kejagan. “Wis gadangé along”, nyletuk Mang Karman.

Tapi, ora disangka-sangka, ana ombak gedhé pisan. Waktu kuen, posisi prau lagi malang, ora ngadepi ombak. Prahu mengkureb. Blong lan busa mencelat kabéh, mbuh mendi parané. Mang Darto ketungkrub jaring, kelelep kegawa ning jaring, ora sempet ngelangi. Bidak siji maningé, Mang Karman, ngambang karo Mang Darkum gejang umbal lan ban.

Gelisé ning crita, wis olih telung dina rong bengi, kambang kampul ning tengah-tengah segara. Mang Karman beli kuat, kelelep nyusul baturé. Pribén arep kuaté, ning tengah-tengah segara beli mangan beli nginum.

Mang Darkum masih untung, duwé tenaga, bari ngandalaken banyu udan. Baka udan cangkemé mangap. Banyu segara ora bisa diinung. Malah nambah ngorong lamon nginung banyu segara.

Dongol Iwak Cucut gedhé. Kedeleng pépété baé. Mareki, muter-muter, kaya arep nguntal. Mang Darkum pasrah. Ning sejeronéng ati ngomong, “Bokat umur kula wis sampé ning kéné, ya wis. Srog dieleg gah ora apa-apa”. Mang Darkum ora bisa apa-apa, lemes dedes. Ngomong baé kangélan.

Iwak Cucut nduwil-nduwil dlamakan sikil, kaya ngajak guyonan. Mang Darkum nambah kewedien. Iwak kuen digusah-gusah, supaya ngadohi. Tapi marek maning marek. Malahan iwak kuen nambah mareki pisan. Terus-terusan mengkonan.

Bagén rasa wedi beli kejagan, Mang Darkum masih bisa mikir, “Apa iwak kien kih péngén nulungi kula tah ya”. Iwak kuen ditowél-towél karo sikil, tapi meneng baé, ora nyokot. Mang Darkum narik pépét (*sirip*), iwak meneng baé. Akhiré iwak ditumpaki.

Awalé, Iwak Cucut meneng baé, ora obah-obah. Ora suwé, Iwak Cucut mangkat ngoyor. Mang Darkum kéder. Arap digawa mendi pujaré ngkono. Rupané Iwak Cucut ngoyor meng arah kisik radaan ngétan. Ngloyoré ora kenceng, dadi Mang Darkum masih bisa gépékan pépét duwur.

Iwak Cucut nggawa Mang Darkum sampé pinggiran, tepaté ning parek Baro Cerbon (Pelabuhan Cirebon). Wis teka ning pinggiran rada céték, Mang Darkum mudun. Iwak Cucut balik maning ning tengah-tengah segara.

Badan masih sempoyongan, Mang Darkum mlaku sampé kisik. Tilang-tilong dhéwékan, langka wong langka wing. Badan wis ora karuan, mati rasa.

Ora suwé, kabaran ana wong nelayan léwat. Ndeleng Mang Darkum planga-plingo badan pucet kabéh, langsung ditulungi. “Mang, kenangapa mang”, nakon Mang Nasmin. Durung njawab, Mang Nasmin langsung nggawa Mang Darkum ning umahé. Ning kana langsung diinungi lan dipai mangan. Segala jaburan disandingaken kabéh.

Sawisé badan radaan mendingan (*pulih*), Mang Darkum crita ning wong kang nulungi mau, yén dhéwéké dau kena musibah. Terus, ngupai weruh asalé sing ndi. Mang Darkum nyampéaken, asal dhéwéké sing Desa Dadap.

Let olih rong dina, badan wis radaan seger, Mang Darkum dianteraken balik sampé tekang umah.

Tekang umah, Mang Darkum dipapag ning keluargané. Kaluarga kabéh ngrasa kéder. Mang Nasmin dhéwék langsung balik maning ning Cerbon, dienténi ning bidak-bidak séjén, arep mangkat mayang.

Tangga kidul, lor, wétan, lan kulon, pada ngrubung, pada mélu niliki. Terus, Mang Darkum nyeritaaken apa kang nembé baé dialami. Bisa slamet tekang genah iku karna ditulungi ning Iwak Cucut. Sawisé crita, Mang Darkum ngewekasi ning seduluré, kususé ning anak putuné “Poma, anak putu kula kabéh, aja pada mangan Iwak Cucut”.

Tambah suwé tambah lawas, wasiat kuen kaya *berlaku* nggo kabéh wong, dudu baé keluarga atawa anak putu Mang Darkum. Crita kuen terus nyebar mendi-mendi ora, dadi tradisi lisan (*oral tradition*).

Tapi, arané crita, ana sing percaya ana sing beli. Buktiné, sampé sekien masih akéh wong kang mangan Iwak Cucut. *Wallahu a'lam bissawab*.

TATA-TITI NGLIWATI GENAH SINGID

déning **NURDIN M. NOER** lan **ROJI HIDAYAT**
Ketua LBSC lan Kepala SD Pabedilan Cirebon

Telung puluh taun sing wis keliwat, sedawané mangsa sémana, ning désa dusun masih akéh enggon kosong. Masih amba-amba kebon kopong, masih pirang-pirang lanjaran dawanéng towang. Akéh wit-witan gedé njulang mangglung ning duwuran. Ana kang nongklang gedé wité lan duwur pang-pangé ngga-wé nyeremaken wong sing nyawangé. Bli setitik enggon-enggon sing dianggep ngélmü kramat kesaktén, sing uga akéh ditemoni ukup-ukup dupa menyan lan sesajen. Ma-si akéh wong jejaluk kanggo maksud ngubar nambani le-lara lantaran kesambet sing tempat sungil-sungil. Medi-umé macem-macem, ana sing banyu umis-umis, uga ana sing njaluk lan ngandelaken mujarabé bismillah lembut.

Wong-wong sing jumeneng ning nalika sémana percaya unggal tempat sing dianggepé angker, serem lan ngrengkem iku ana sémanding ki gedé lan nyi gedé sing duwé lan nunggonané. Lantaran kayakinan iku, wajar kanggo manusa sing masih nduwéni warisan kapercayan animisme lan dinamisme nganggep bangsa gaib iku ana lan bisa maujud tur tumindak kayadéne mahluk biyasaé sing katon, utawa mangrupa dat nyata. Bisa dijak ngomong, bisa nyumponi penjalukan, bisa dirunding, lan uga bisa apa baé. Malah sing paling medéni, mahluk iku bisa males dendem lan males pati (?)

Mbari aja kenang lelara lantaran disapa utawa dicekel mahluk alus sing nunggoni tempat – tempat sing dirasakakéné sungil, angker lan dianggep kramat, ana penangkal sing kanggo nyegah lan ngerumat perkara iku. Salah siji dalané, yaiku kudu rumasa lan nerapaken tata titi sing konon kudu nduwéni sopan santun ning lélémbut lan mahluk alus.

Pantes baé rikala jaman semana, akéh wong mlaku déwékan tapi pas mambah ning tempat-tempat sing dianggep singid, wong mau ngomong déwék;

“Kaki buyut, nini buyut sing tunggu kéné, isun péngén melu liwat, aja ngganggu gawé anak putu adam....”

Tas ngucap ukara pamitan mengkonon, terus nembé wani ngliwati tempat kuwen. Uga umpamané kebelet nguyuh utawa mbuang hajat gedé sing ndadak langka sempit balik ning umah utawa ning tempaté, akiré paksa ning enggon endi baé. Nongkrong sasrog-srogé, apamaning kebeneran ning tempat sing dianggep



sungil, ora kari ngucap;

“..... Bismillah kaki bunyut lan nini buyut sing tunggu kene, aja ngganggu gawé anak putu adam, apan melu mbuang...”)

Ucapan iku diyakini minangka mojar idin lan ngupai weruh tandaé ngaturaken salam lan permisi dumateng mahluk (bangsa alus) sing diyakini ana, nunggoni ning panggonan iku. Saking wedi disapa utawa diusap endasé déning alus sing tunggu tempat-tempat iku, akiré ngucap permisi déwék. Uga ana sing luwih ringkes maning, yaiku cukup mung “nyuwara

baé” utawa dehem; *ehm-ehm....!*

Mbuh kenang pribawané apa, kaligané baé wis ngucap lan mojar pamit kaya sing wis digambaraken ning duwur mau kelawan yakin lan mancleng, toli timbul sejeroné nyali rasa wani lan teteg. Ora nduwéni rasa wedi. Iku biasané mlaku déwékan ning wayah-wayah sing wis temtu. Kayadéné ; wayah jam rolas awan (bedug), wayah pan magrib (sendakala), apamaning wayah bengi, toli kebeneran ngliwati enggon-enggon sing dianggep sungil. Padahal lamun bli weruh lan ora ngerti enggon-enggon iku sungil, langka masalah. Biyasa baé liwat sonder ngucap idin, nyuara “dehem”, apamaning matur ngomong déwék “kaki buyut nini buyut aja ngganggu gawé anak putu adam....”

Ning jaman sekiyen warisan adat iku sampé seprén masih ana kang mercayani. Bagén séjén wernané, nanging macem maksud kelawan tujuwané pada baé, yaiku ngénalaken lan pertanda atur ngucap punten ngupai weruh. Umpamané supir – supir mobil utawa wong-wong sing lagi nganggo kendaraan, pada paham ning siji-sijiné enggon seturuteng dermaga sing kudu ngupai “tanda”.

Carané munikaken klakson “tiit-tiit”. Padahal ning tempat sing diliwati iku langka sapa-sapa. Sing ana mung wiwitan gedé ning pinggir dermaga, kreteg, tanjakan, péngkolan, utawa pejaratan. Jaré bobadané wong kanda, lamun bli ngupai weruh déwéké arep ngliwati dalan utawa enggon iku, bakal ana mantaké. Tapi ngandel bli kena, goro aja, wis nglakson ning tempat-tempat sing dianggep *lumayan* iku, timbul pikiran tenang lan nyaman wondéné nglakoni siji perjalanan nganggo kendaraan. *Wallahu a'lam. (NMN/Oji H)****

KAMUS BASA CERBON-INDONESIA

Sumber: Kamus Bahasa Cerbon-Indonesia
terbitane Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Provinsi Jawa Barat

Ager-ager, *namanya makanan ager-ager* (arane panganan utawa jaburan sing digawe aci ager dicampur gula dijut bareng karo banyu panas, baka wis adem kentel) "Coba tukukena ager-ager kanggo niliki wong lara bokat bae gelem memangan".

Agén (Agén), *agen*.

Ageng (Ageng), *besar*.

Ager (Ager), *agar*.

Agi/lagi, *sedang melakukan tindak/mengerjakan sesuatu* (lagi ngerjai sawijine garapan, tingkah laku) "Ana beli awange, laka agi ning pasar. Agi apa beli balik-balik kuh".

Agiyan (Énggal), *cepatlah*.

Aglis, gelis (Énggal), *cepat*.

Agni, geni (Brama), *api*.

Agor, *terdengar suaranya cukup besar agar serak/parau* (krungu suwaran gedé rada serak beli, yaiku suwarane perjaka tanggung utawa suwarane sapimuni kelangan batur) "Baka bocah lanang ngumpak prejaka tanggung, biasane suwarane agagor-agori", "Suwarane gedé rada serak-serak beli".

Agor, (Agor), *Besar (suara)*

- **Ngagor-agori** (Ngagor-agori), *perubahan suara anak-anak ketika beranjak dewasa*.

Agrong (Agrong), *gema*.

Keterangan:

1. *Terdengarnya suara yang bergema (memantul)*
2. *Seseorang yang bersuara besar*

Agu, agu-agu (Agu), *biasa*

- **Di agu-agu** (Di agu-agu), *dibiasakan*.

Agul (Agul), *besar*.

- **Di agul-agulaken** (Di agul-agulaken), *dibesarkan, dipuji-puji*.

Agung (Agung), *besar, banyak*

Keterangan:

1. *Agung = Besar keberadaan (keagungan)*.
2. *Agung = Banyak*. Berkaitan dengan sumber air yang banyak airnya atau rezeki yang melimpah.

Agul, *sombong, pamer* (dumeh, kadiran, ngadiraken, olo-olo, tingkahe kasar) "Bocah kuwen kuh agul temen, dure ana sing dikadiranken sik". "Dadi wong aja agul-agul temen, bokat beli nutug".

Agung, *besar/tertinggi* (gedé, langka sing ngundake gedene) "Sekiene wis dadi Jaksa Agung". "Raja Mataram sing keceluk yaiku Sultan Agung".

Ah (Ah), Ah (Kt. Seru)

Ahad (Ahad), *minggu*

Ahéng (Ahéng), *aneh*.

Ahir (Ahir), *akhir*.

Ahli (Ahli), *ahli*.

Ahli, *ahli*, wong pinter/duwe kebiasaan sing wong sejen beli bisa.

Ai'h (Ai'h), *karena heran*.

Contoh kalimat 1:

1. Ai (h) dadi bocahé sih ning kéné tekgulati beli ketemu-ketemu.
2. Ai (h) dados lare'e sih teng mriki tek ilari boten kepanggih-panggih.
3. *Oo, jadi anaknya sih di sini saya cari sedari tadi tidak ketemu-ketemu*.

Contoh kalimat 2:

1. Ai (h), ana bocah tiba ditulungi beli, malah digeguyu.
2. Ai (h), wonten laré dawah ditulungi mboten, malah digeguyu.
3. *Lho, ada anak jatuh tidak ditolong, malah ditertawakan*.

Ail, *rasa sakit di mulut karena sering mengunyah*, cangkem krasa lara kenang gegayem, "Mangan jagung sampe ail".

Aja, *jangan/tidak diperbolehkan* (diblawehi/dialang-alangi) "Dadi uwong urip ikut aja boross, aja medit, tapi bijaksana".

Ajag, *anjing hutan* (asu/kirik, sabenere kirik iku arane asu. Kirik alasan sing sifate galak kasebut kirik karang kletak, badane cilik-cilik) "ati-ati yen ana ning alas, bokat nrangguli asu ajag, gage mlayua aja parek-parek".

Ajak, *ajak* (digawa supaya melu) "coba ajaken boat bae gelem, lumayan kanggo batur". "Sapa sing ajak, benere warah dingin".

Ajal, *ajal, batas takdir meninggal dunia, bertemu dengan penyebabnya meninggal dunia* (wis tekaning patine, andilah bae sing dadi sebabe nemahi) "Ari wis tekaning ajale mah beli bisa diestiari kaligane lantaran kebloskok ning tela ikut akhire mati".

Ajang, *porsi, piring tempat nasi* (piring wadah sega yen arep mangan) "Cobe metaken ajang, kita arep mangan". "Wis ana ajange durung...? Baka wis ana gage kongkaren mangan".

Ajar, *ajaran, diajari, diajari, ilmu pengetahuan, diberi pelajaran, disiksa*, (kauruk elmu, piwulang, diwulang, disabeti/digebugi) "Ajarane wong tuane, ajarane gurune, baka nakal kudu diajar/diwasuh".

Aja (Sampun), *jangan*.

- **Aja diula-ula** (Sampun diula-ula), *Jangan dipegang-pegang*.
- *Jangan dibuat mainan*.
- **Aja mana-mana** (Sampun mrika-mrika), *jangan kesana-sana*.

PANGANAN TAHU GLEPUNG SAMBEL MANIS

déning : SULASNURPENI

Tahu glepung sambel manis iku salah siji panganan kang énak. Panganan iki dienggo kanggo lawuh mangan. Séjéné kanggo lawuh mangan, tahu glepung sambel manis uga bisa kanggo jaburan. Panganan iki akeh kang doyan, lantaran rasané manis, gurih lan ana pedes-pedesé. Cara mangané yaiku, tahu glepung kang wis digoréng ditutul karo sambel manis.

Gawé tahu glepung sambel manis iku gampang carané. Séjéné gampang gawéné, bahan kanggo gawé tahu gleu-pung sambel manis uga gampang nggulatané (luruné). Ning sor iki bahan lan cara gawé tahu glepung sambel manis iku :

A. Bahan-bahané :

- Tahu mentah kuning utawa putih : 10 glintir
(ukuran sedeng baé)
- Sahang : 10 glintir
- Endog ayam negri : seglintir
- Trigu : 1 ons
- Banyu : secukupé
- Lenga lentik : $\frac{1}{2}$ liter
- Sabrang jepun : 10 glintir
- Gula abang : sejempol tangan
- Bawang putih : seglintir
- Kécap : 2 séndok gedhé
- Uyah : secukupé

B. Alat-alaté :

- Baskom
- Séndok
- Wajan
- Cowét
- Kodék wesi

C. Cara gawé tahu sambel manis :

1. Cara masak tahu goréng :

- a. Iris tahu cilik-cilik seukuran dadu.
- b. Uleg sahang sampé alus.
- c. Kocok endog ning baskom.
- d. Campur trigu, sahang, uyah (secukupé), endog kocok, lan banyu sampé kentel.
- e. Irisan tahu dianjingaken ning adonan, campur sampé rata.
- f. Panasi lenga lentik ning wajan sampé.
- g. Goréng adonan seséndok-seséndok.
- h. Angkat goréngan tahu glepung.
- i. Wadahi goréngan tahu glepung ning piring.

2. Cara gawé sambel manis :

- a. Uleg sabrang jepun, bawang putih, gula abang, lan uyah (secukupé).
- b. Campur kécap karo ulegan sambel mau. Aduk-aduk sampé rata.
- c. Taro sambel mau ning mangkok.

3. Tahu glepung sambel manis siap disajiaken lan dipangan.




BERSIH DESA

déning R.Y. ADAM PANJI PURNAMA

“**DULUR-DULUR**, dinten niki seja kula ngundang ngangge ngana aken rapat persiapan upacara ingkang biasa dilakoni unggal taun ning wulan Sura, Ya prikipun-prikipun gah kedah wonten sing kedah disiap-siapaken.

ngantuk kaget dijawab ning bature, ora sadar suarane santer pisan. Uwong-uwong langsung delengaken kabeh. Prapto clingukan bari nyengir isin.

Rapat masih rame, nyusun panitia kang duwe



Moga-moga ning taun seniki saged diupayaaken lewih khidmat lan tetep ning jalur aturan sing biasa,” Lamsijan minangka ketua RT mbuka rapat ning pelataran tajug sing biasa digawe baka ana pertemuan karo warga. Akeh sing teka, senget unsur tetua, lan warga uga para kasinoman kang sumanget bari geguyonan ning pojokan.

“Sing kepindo, muga-muga acara niki saget nambah kenceng peseduluran lan toleransi antar warga, uga kasinoman saged mulai belajar ngeregani lan ngelaksanaaken minangka generasi penerus,” Lamsijan pandengane nuju ning kelompok bocah enom, deg... Para kasinoman sing guyon mau kaget lan nyaut sebisae

“Enggih...”

“Siap.”

“Semangat, Aamiin,” Prapto sing senget mau rada

tanggung jawab nganggo ngedalanaken acara. Awale pada rebutan emong sing repot. Pada mung pengen rame-rame bae.

“Para Kasinoman, rongokaken kih,” Kaji Udin rada duwur nadae. Jep.... Kabeh pada meneng. Sekabeh weruh sapa Kaji Udin, wong sing dihormati lan diregani. Kabeh weruh, deweke juragan beras lan akeh nyumbang nganggo kegiatan kasinoman, bengene ya dikenal bocah pogal, jago gullet, lan akeh pengalamane.

“Sira-sira sekabeh iku kudu wani ngemet resiko. Iki demi lemah banyu sing bisa nguripi sira-sira kabeh. Aja deleng kien acara ketinggalan jaman, ora rameh, laka untunge.... jare sapa mengkonon,' para kasinoman pada meneng, laka sing wani nentang utawa ngewangsuli.

“Bengen ya reag kaya sira-sira an, kepaksa melu-

melu, kepaksa gelem, tapi sekien kerasa faedahe. Aja deleng acara kien mung urusan wong tuwa, sira sekabeh gah mengko dadi tuwa. Baka sekien ora paham, ora ngarti, ora pernah ngerasaaken, pas sira sekabeh tua ora bisa nularaken meng anak putu. Terus kita sekabeh kelangan budaya kita dewek, ilang, wis laka kang peduli,” Kaji Udin sumanget ngompori kasinoman. Para kasinoman mung manggut-manggut.

“Aja mung manggut-manggut kaya manuk tekukur.... Ngarti ora? Bari deleng kereng.

“Ngertoooooo,” Kasinoman nyaut bareng.

“Dadi, bener apa sing diomongaken Kang RT Lamsijan, delengen silaturahime, kapan kita-kita bebarengan ngumpul, ngedonga aken para sesepuh kene, bebersih sendang lan aliran banyu? Nah sekien, ning acara kien, ayuh bebarengan, nganggo nglanjutaken kebiasaan sing apik lan sangu anak putu besuk,” Kaji Udin mulai alon ngomonge.

“Pun seniki ngeten, sing sepuh dados koordinator, sing enom kudu mulai gelem nyambut gawe. Mangga, Kang Kaji Udin saged dados Ketua nggih,” Lamsijan mulai ngatur. Sekabeh mulai terkendali, katon guyub lan mulai nyusun rencana acara.

“Pak RT, mungkin nanggap dangdut napa kesenian napa?” Daryono sing sebagian acara puncak nakon serius pisan. Daryono iki pemuda anyar meluan, minangka pendatang sing kota dadi durung weruh apa iku acara Bersih Desa. Gerrrr, uwong-uwong pada gemuyu, Daryono nambah bingung.

“Nang Dar, Bersih desa iku dudu pesta rakyat kaya pitulasan. Tapi upacara nganggo ngucapaken syukur ning Gusti Allah, setaun iki warga kene ora kenang bala. Ngucapaken lan ngedongaaken para leluhur kang mbabar desa iki. Lan bebarengan dedonga supay sampe taun ngarep mengko, desa kien ora kena bala. Namtu njalin teguhe silaturahim peseduluran warga ya....,” Mbah Kandar, minangka sesepuh njelasaken. Daryono manggut-manggut

“Mungkin acara puncak ya biasanipun Wayang Kulit Dar, bari nonton bari ajar urip,” Lamsijan nambahi

Bengi kuen, kabeh ngerasa semangat. Pesiapan wis kudu gage-gage dilaksanaaken, Sampe tekang jam sewelas nembe pada bubar bari gawa pikiran lan bayangan sukiki kudu priwe-priwe. Lamsijan atine bungah, jaman semene, jaman jare uwong jaman 4.0, masih bisa gawe upacara kang dilakoni kenang kabeh kalangan ning kampunge. Masih ngerasa perlu ana acara kien, matane deleng bulan kang mencorong purnama, ora sadar bari cengar-cengir dewek.

“Ayuh balik bareng, wis bengi kih,” Dalban ngejak Lamsijan bebarengan balik. Lamsijan kaget sing lamunan. Langsung tangi ngemet sandal. Wong loro kuen senget bengen sering bebarengan. Bari kaboran ngelintasi dalan nuju umaha.

Tiba dina sing ditunggu, para kasinoman lanang nganggo klambi pangsi komprang, iket, lan gawa

pekarang nganggo bebersih. Sing wadon pada ayu-ayu nganggo kebaya lan sarung, ora klalen nggendong capon isine panganan lan masakan. Sing tua ora kalah, melu nganggo pangsi komrang lan ibu-ibu ya kebaya lan sarung. Kabeh ngumpul rameh ning pelataran tajug. Kaji Udin katon gagah mimpin pasukan.

“Dulur-dulur, mangga kula aturi donga krihin sedereinge acara niki dimulai, donga mulai,” Lamsijan mimpin upacara didampingi kenang para sesepuh kampung.

“Kaya taun-taun sedereinge, kula mung ngelingaken. Kita sekabeh ngawali meng makam leluhur, bebersih lan dongaaken para leluhur, seuwise niku, nuju teng sendang, bebersih lan ngebenahi salurane. Nah teng rika ayuh dahar sareng-sareng. Ibu-ibu lan para kasinoman wadon pun bakta masakan,” Lamsijan nerangaken.

“Mungkin dalu bakda Isa, teng lapangan pundisia-paken tontonan sing saged dados tuntunan, yaiku Wayang Kulit. Dalangipun pun katah dikenal, nggih, Dalang Aris. Pun ngoten mawon penjelasan kula, selajengipun kula pasrahaken ngangge mimpin upacara niki sampe mungkin dalu teng Kaji Udin minangka ketua kegiatan. Mangga Kang Kaji...”

“Siap, mangga. Dulur-dulur sekabeh, jaga ketertiban, jaga ketentremen, tetep guyub lan kita sekabeh dadi sedulur. Mangga kita sekabeh, baris kang tertib nuju pasarean,” Kaji Udin mlaku paling arep, dipeloni para kasinoman, paling guri para sesepuh minangka nganteraken para generasi penerus.

Acara senget esuk nganti bengi, mlaku tertib lan rameh. Bengie pada ngumpul ning lapangan nonton wayang. Ana sing laki rabi uga gawa bocah sing masih cilik, ana nom-noman kang ngumpul. ana uga kang mulai wanih loroan bari isin-isin ketemu batur-bature.

Lamsijan karo rabie, gawa klasa lan tremos isie kopi. Clingukan luru genah sing kira-kira enak nganggo deleng lan ngrungokaken sinden nembang. Hampir kabeh masyarakat ngumpul lan bisa pada nonton. Maklum, acara wayangan mung setaun ping pindo, dadi pada pengen olih hiburan, kebeneran dinane sukiki pas dina Minggu dadi pada bebas.

Ning tengah nonton wayang, Lamsijan ngelangut pikirane ngelayang mbayangaken meng taun-taun arepe. Pitakonan jero ning ati sing kadang wedi diungkapaken. Ora sadar ngucap,

“Duh Gusti, mugia masyarakat kene dilimpahi keberkahan sedaya. Gustiiiiii, kula nyuwun mugia taun-taun ajeng masyarakt teng riki taksih saged mliara acara niki supados tetep guyub nyawiji, lan saling ngregani sesama. Kula mung nyuwun niku ya Gusti ingkang Maha Pengasih lan Penyayang.”

Wayang nambah rameh, para punakawan geguyonan ngomongaken kegiatan kang wis dilakoaken ning masyarakat, bari diselingi cerita kang lucu. Uwong-uwong gemuyu ngakak, katon banget ning sorot matane pada nyimpen harapan kang bagus nganggo kampunge.



Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Balai Bahasa Jawa Barat



Peran
Literasi
Nasional



Pemilihan Duta Bahasa Pelajar Jawa Barat 2018

“Peran Pelajar dalam Meningkatkan Kesetiaan dan Kebanggaan Masyarakat terhadap Bahasa Indonesia”

Kriteria

- pelajar SMA/SMK/MA di Provinsi Jawa Barat;
- menguasai bahasa Indonesia, bahasa daerah di Jawa Barat, dan minimal satu bahasa asing;
- memiliki kepribadian baik dan penampilan menarik; dan
- memiliki keterampilan yang dapat dipertunjukkan atau menguasai kesenian Jawa Barat.

Persyaratan

- mengisi formulir pendaftaran pada tautan bit.ly/DUBASPELAJAR2018 dengan lengkap;
- melampirkan surat keterangan dari sekolah atau kartu pelajar;
- melampirkan foto seluruh badan terbaru; dan
- membuat esai berbahasa Indonesia sebanyak 1 halaman A4, Times New Roman, 12 pt, 1 spasi, margin 3-3-3-3, dan sesuai tema umum: “Peran Pelajar dalam Meningkatkan Kesetiaan dan Kebanggaan Masyarakat terhadap Bahasa Indonesia”.

Total Hadiah
**30 JUTA
RUPIAH**

Seluruh **persyaratan** dikirim ke alamat pos-el ikadubasjabar@gmail.com dengan subjek DUBASPELAJAR/NAMA/SEKOLAH/DOMISILI paling lambat 17 Agustus 2018, pukul 23.59 WIB.

TANGGAL PENTING

Pendaftaran : 17 Juli--17 Agustus 2018
Pengumuman : 22 Agustus 2018
Tes UKBI & Esai : 27 Agustus 2018
Pembekalan : 6--7 September 2018
Malam bakat : 8 September 2018
Final : 10 September 2018



@dubasjabar



www.dubasjabar.id



Duta Bahasa Jabar



@dutabahasajabar



@wcb8515h

Balai Bahasa Jawa Barat

Jalan Sumbawa Nomor 11 Bandung
Telepon (022) 4205468
Faksimile (022) 4218743

NARAHUBUNG

Ibu Nia Kurnia : 081321891100
Vicky Taniady : 087822318138 | Line: vickytaniady
Akbar Selamat : 085872737530 | Line: akbarselamat

Biaya Pendaftaran
GRATIS!





adamparaji 09